


# SEMANS SÈPAN AN

 Bondye cheri, gran Bondye pwisan an, Ki bay tout bagay fòm ak pouvwa Lespri Li, e ki te mennen Jezikri, sèl Pitit Li a, ki te konsanti mouri pou noumenm pechè, Jis la pou enjis yo, pou L te rekonsilye nou fè nou tounen nan kominyon mèveye sa ke nou genyen ankò ak Bondye, jan yo te anseye nou an nan Pawòl beni an, ke nou t ap kominye avè L anvan fondasyon mond lan: “Lè etwal di maten yo t ap chante ansanm, epi pitit Bondye yo t ap rejwi yo, byen lontan anvan fondasyon mond lan.” Kouman pou n konnen si se pat nan menm moman an ke Ayo a te sakrifye; ke lè Bondye, nan gran panse L, te wè nou ap rele epi ap rejwi poutèt sali nou atravè Jezi?

<sup>2</sup> E, aswè a, nou sèlman gen yon avangou de gran glwa Diven sa ki va revele nan dezyèm Vini Li. Tout maladi ak tristès va disparèt. Alò nou va gen yon kò tankou Pwòp kò gloriye L la, paske nou va wè L jan Li ye a. Isit la pandan n ap gade men nou k ap deseche, cheve nou k ap grizonnen, e zèpòl nou k ap tonbe, nou pran konsyans ke se mòtèl nou ye e n ap dirije nou nan direksyon pousyè kote tèt nou bese ap gade kounye a, ak kote nou te soti. Men, Seyè Bondye, menm jan nou sèten ke Ou se Bondye, Ou te fè yon pwomès ke nou gen pou nou resisite nan dènye jou yo, e nou kwè sa.

<sup>3</sup> Trè serye nou kanpe avèk fwa nou aswè a nan Prezans Ou, an gran paske Jezi te envite nou pou n fè sa. Nou pa vin ak okenn bon bagay nou te fè, paske nou pat fè anyen de bon; men nou vini ak imilite, ap konfese ke nou posede trezò sa akòz gras Li ki te rezève pou nou. Kidonk, nou vini pou mande ke Ou beni nou aswè a nan efò pou pote Pawòl la. Paske li ekri, ke “Lòm p ap viv sèlman ak pen, men ak chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Ke bouch Bondye pale aswè a. Ke pawòl la pwononse, e ke L ale an pwofondè nan kè nou, k ap tandè a, e ke nou kapab ranpli ak Lespri W nan Prezans Ou. Paske nou mande sa nan Non Jezi. Amèn.

<sup>4</sup> Jo—jodi a ak yè, yèswa, pito, ak jodi a, nou t ap pale sou sijè a, dabò, pou byen montre sa, *Poukisa Nou Pa Yon Denominasyon*. E nou te frape sa vrèman fò, poukisa nou pa yon denominasyon, e poukisa nou pa kwè nan denominasyon yo. Paske, nou jwenn nan Bib la, ke denominasyon yo pat janm plan Bondye; se te plan dyab la; e nou te pwouve sa pa Bib la. Epi kijan, atravè denominasyon, sa te mennen erè. Kounye a n ap di sa pou korije e pou mennen tabènak sa nan yon fratènite otou Pawòl beni Bondye a. Ke, espwa nou pa bati sou sa denominasyon di, oubyen sa yon nonm di; li bati sou sa Seyè Bondye a di. E se sèl fason nou ka janm korije sa kòrèkteman.

<sup>5</sup> E maten an, mwen kwè, mwen te gen senk diferan atik ki vin de denominasyon, sa pa mansyone ditou ditou nan Bib la, e legliz Pwotestan yo ap soumèt yo a sa, epi y ap anseye sa kòm doktrin: menm bagay ke vye manman pwostitye a, legliz Katolik preche, e sa te antre nan legliz Pwotestan. E nou soumèt nou a menm bagay la ki kontrè ak tout kote nan Pawòl Bondye a.

<sup>6</sup> Premye legliz denominasyonèl la, nou te konsidere sa apre midi a nan listwa pè Niseyen yo, nan legliz Nise a. Apre lanmò apot yo, men kote pè Niseyen yo te soti, e yo te kontinye pandan plizyè lane. Apre twasan vennsenkan, finalman yo te vin a—a Nise, an Frans, kote yo te gen gwo konsil Nise a—a. E la yo te fabrike dòg sa yo ke legliz Katolik genyen kounye a la, e ki transmèt bay Pwotestan yo tou.

<sup>7</sup> E jan m te di nan—nan ansèyman maten an, “Chak aj legliz sa yo, rive jiska aj legliz Tesalonik sa—sa, mil senksanzan aj tenèb yo, pat gen yon sèl moman ke Li te di: ‘Ou ankò kenbe Non Mwen.’”

<sup>8</sup> E bò lòt kote sa, yo pat nan Kris ankò, yo t ap opere sou non yon denominasyon, “Katolik, Luther, Wesley, Batis, Presbiteryen, Pannkotis,” elatriye.

<sup>9</sup> Men jis anvan fen aj la, Li di: “Mwen plase devan w yon pòt tou louvri.” Ou wè? E se nan aj sa ke nou kwè nou ye kounye a menm, aj pòt tou louvri a, nan dènye soti legliz Lawodise a.

<sup>10</sup> E sa fè ekzakteman twasan vennsenkan jiska konsil Lawodise a. E la yo te adopte fòmalitye sa yo tankou aspèsyon, vide dlo, ak fo batèm, fo sentespri, tout lòt bagay sa yo. Yo te adopte sa.

<sup>11</sup> E apre sa kan Luther, ki te yon prèt, te soti nan legliz Katolik, li te mennen bagay sa yo avèk sa. E Zwingli te soti ladan l, Calvin te soti nan Zwingli, Wesley te soti nan Calvin, o, kontinye ap desann. E yo te jis kontinye ap mennen dògm sa yo desann. E kijan Bondye ta ka fè ap kondwi Legliz Li, kan yo ap swiv chemen ke Li pat janm menm trase pou yo te mache ladan l?

<sup>12</sup> E sonje, nan Apokalips 17, nou te jwenn “fanm lan.” Bon pawòl sa yo klè. Yo ekri nan Bib la, konsa mwen kwè m ka di yo. Li di ke fanm sa te yon “pwostitye.” Sa vle di ke li te yon fanm ak movèz repitasyon; ke li te sipoze marye ak yon mari, pandan l ap komèt fònikasyon avèk lemond. E li te gen yon . . . Li te yon “MANMAN PWOSTITYE,” kidonk li te gen pitit fi. E nou te desine sa dapre jewografi, kòm nan . . . Epi de la, mwen menm, m te wè l nan Lekriti, m te wè doktrin li yo ak tout lòt bagay, mwen kwè ke Seyè a te ekspoze l aklè yon fason pafè, pou sa pat anyen lòt ke legliz Katolik. Se sèl fason sa ka ye. A kisa li te bay nesans? Legliz Pwotestan yo. Li te fè l, egzakteman.

<sup>13</sup> E li te gen nan men l yon koup diven fònikasyon li yo, e li t ap bay wa latè yo ladan l. E li t ap domine sou tout latè, espiritiyèlman palan. E se egzakteman vre. Pat gen yon lòt . . .

14 Gade, annou, nou ka retounen nan Danyèl pou gen pòtrè a. Gade pòtre a: tèt annò a, wayòm Babilòn lan; eren . . . oswa ajan, Mèd ak Pès yo; eren, Alexandre Le Grand, elatriye, wayòm Grèk la; apre sa anpi Women an, Wòm Oryantal ak Wòm Oksidantal, de pye yo.

15 E remake nan dis wayòm sa yo, ki asosye egzakteman ak dis kòn nou t ap pale de yo maten an, nan chak dis wayòm ki te gen pou parèt yo, te gen fè ak ajil ki te melanje ansanm. E fè sa te vin de janm yo, ki te Wòm. E gen tras doktrin Wòm melanje nan chak nasyon ki egziste anba Syèl la, atravè legliz Katolik. Se egzakteman sa. E yo pa t ap melanje, okenn kote.

16 E yo te ka kwaze pa maryaj, pami youn lòt. Bib la di yo t ap fè l. Gade yo jodi a. Si pitit gason w renmen ak yon jenn fi Katolik; kan yo sou pwen marye, yo dwe pwomèt pou elve timoun yo nan Katolik; ou wè, visvèsa. Ou wè, se yon fason pou brize pouvwa lòt la.

17 Men kisa sa ye? Bib la deklare tout bagay la nèt kòm yon pwostitye. Kounye a kisa w pral fè? Se vre. E kijan peche moun yo pral pini . . . Nou te retounen nan Detewonòm, pou montre ke yon timoun ilejitim, yon ti moun ki fèt nan vagabondaj, pat ka menm antre nan kongregasyon Seyè a pandan katòz jenerasyon. Se te sou lalwa. E Kris te vini pou L te rann lalwa pi di. Kounye a menm se pi rèd?

18 E kisa k te rive a sila yo, kisa k pa mache ak ti vagabòn nan lari jodi a, ti fanm sa yo k ap fimen sigarèt, epi k ap mete chòt, vagabòn cheve koupe, elatriye? Kisa k pwoblèm lan? Se paske manman yo te konn aji konsa. Se konsekans, inikite, de jenerasyon an jenerasyon. Se sa sa ye. E kisa nou te jwenn? Nou te rive nan yon pwèn, kote se jis yon akimilasyon anyen lòt ke yon galimatcha peche.

19 Se poutèt sa Bondye sisite Larisi, laba, ak yon bonm atomik pou baleye l, tankou l te ye anvan delij la, kan Li te sisite nyaj yo. Sèten, Li te fè sa. E Bib la di sa. Larisi, yon peyi ate jan yo ye a, moun ki pa kwè ditou, y ap jwe wòl yo absoliman yo jis egzakteman nan men Bondye Toupwisan an. Jis menm jan avèk Nebikadnetza ki te dwe detwi Izrayèl poutèt yo te echwe nan mach yo ak Bondye, Larisi te sisite dirèkteman pou “vanje sen yo,” ke legliz Katolik, li te vèse san sen yo. Bib la te di sa. Sa va pran tout bagay la nèt.

20 Kifè gade byen, si manman yo te yon jenn fi ki t ap danse nan diskotèk, granmè yo, ak manman pa yo se te yon vagabòn, kisa l ye jodi a? Youn k ap dezabiye antan l ap danse wòkennwòl. Kisa pitit pa l yo menm va ye?

Epi ou di: “Èske Bondye fè sa?” Wi, mesye.

21 Bondye vizite inikite pitit yo, pa jenerasyon, menm jiska katòzyèm jenerasyon. E si Kris te vini pou ranfòse l, nou ta ka di: “Yon santèn jenerasyon, oswa senksan jenerasyon.” Bon, Li

di: “Nou te tande, ansyen moun yo, moun ansyen tan yo, ap di: ‘Piga ou touye moun.’ Mwen menm mwen di: ‘Ou menm, oswa nenpòt moun ki mete l an kòlè kont frè li, san koz, deja touye.’ Ou te tande yo di, moun nan ansyen tan yo: ‘Piga ou fè adiltè.’ Men Mwen di ke nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l, deja komèt adiltè.” Li te rann sa . . . Kisa ranfòse ye? “Rann sa plizyè fwa pi grav.” E si sou lalwa se te katòz jenerasyon, ki kantite tan sa va pran pou menm bagay la jodi a?

22 Epi jenn òm yo, òm aj mwayen yo, lèzòm marye pa gen respè ankò pou angajman maryaj yo. Bon, yo jis pran madanm pou viv avèk yo nenpòt kote, epi jis tankou chyen òdinè. Yon chyen gen pi plis respè ak pi plis moral ke yon bann moun. Mwen konnen ke sa sonnen fò tèrib, men se vre.

23 Poukisa? E legliz yo jis ap kontinye e yo pa di anyen sou sa. Poukisa? Y ap aji jis menm jan ak manman yo. Legliz yo eritye li. Kòz la, legliz la ak legliz Pwotestan sa soti nan legliz Katolik, peche legliz Katolik yo vizite sou Pwotestan yo. Sètènman, se sa, kifè chodyè a pa ka di kastwòl la “li sal.” Se egzakteman laverite.

24 Kounye a nou jwenn, epi nan Lekriti, nou te jwenn . . . E mwen pat janm wè yon sèl nòt sou chè a isit la aswè a. Mwen te di: “Montre m yon sèl plas kote Bondye te janm tabli yon denominasyon. Montre m yon sèl plas kote Bondye te janm tabli yon fanm predikatè. Montre m yon sèl plas kote Bondye te janm tabli pou yo aspèje. Montre m yon sèl plas kote Bondye te janm tabli pou yo vide dlo. Montre m yon sèl plas kote Bondye te janm gen yon moun ki te batize nan non ‘Pè, Fis, Sentespri.’ Jwenn bagay sa yo.” E poutan nou kontinye ap fè yo san rete. Sa ankre nan legliz la.

25 Bon, m te vle di w, “Fason, ou pito, rezon kifè nou pa tap ka Batis, se paske nou kwè nan sa yo ki te batize nan Non Seyè Jezikri. Pa janm gen pèsonn, nan Bib la, ki te batize okenn lòt fason. Montre m yon sèl plas kote yon sèl moun te batize nan non ‘Pè, Fis, Sentespri,’ M va leve men m pou di mwen se yon fo pwofèt.”

26 “E si Bib la di ou dwe ‘batize nan Non Jezikri,’ sa vle di ou oblije fè l fason sa. Pòl te rekòmande yo pou yo rebatize. Pe enpòt fason yo te batize a, yo te dwe vini, pou yo rebatize. Yo te batize pa menm moun ki te batize Jezikri a; Jan Batis. Li te di: ‘Sa p ap mache ankò. Ou dwe vini, pou w rebatize.’ E yo te dwe fè l anvan yo te resevwa Sentespri a. Se te pwogram Bondye.”

27 M ka ale jis on tijan pi an pwofondè ke sa, aswè a. Poukisa? Jezi kenbe Pawòl Li. Èske w kwè sa? Bon, prèske nou tout te isit la maten an, men mwen vle etann mwen on tijan plis sou sa.

28 Poukisa Pòl ta komis- . . . rekòmande sa apre li te fin fèt? Pòl te di: “Menm si yon Anj ta sot nan Syèl vin preche nenpòt lòt bagay la, ke l modi.”

29 Kounye a ou va di: “Nou gen nouvo Limyè sou sa.” Non, ou pa genyen l. Se avèk sa ke dyab la te vin kot Èv, yon nouvo Limyè. Ou pa bezwen okenn nouvo Limyè. Ou bezwen mache nan Limyè ke Bondye deja plase la, se tou.

30 Kounye a obsève sa, jis kijan sa senp. Lè yo t ap desann soti sou Mòn Transfigirasyon an, Jezi te mande, disip Li yo: “Kilès moun yo di ke Mwen menm Fis de lòm lan ye?”

“Youn te di Ou se ‘Moyiz, oswa Eli, youn nan pwofèt yo.’”

Li te di: “Kisa nou di?”

31 Li te di, Pyè te di: “Ou se Kris, Pitit Bondye vivan an.”

32 Li te di: “Ou beni, Simon, pitit Jonas; paske se pa lachè ak san ki te revele w sa.” Ou wè, sa pat vini pa seminè. Sa pat vini pa denominasyon yo. “Lachè ak san pat revele w sa. Ou pat janm aprann sa atravè yon lekòl tewoloji. Men se Papa M, ki nan Syèl la, ki te revele w sa. E sou wòch sa Mwen va bati Legliz Mwen; e pòt lanfè p ap kapab ranpòte viktwa sou li,” yon revelasyon espiritiyèl de Kilès Li ye.

33 Remake, “E Mwen di ke ou se Pyè. Mwen pral ba w kle Wayòm lan. E kèlkeswa sa w lye sou tè a, Mwen va lye l nan Syèl la; kèlkeswa sa w delye sou tè a, Mwen va delye l nan Syèl la.” Bon, Li dwe kenbe Pawòl Li osinon Li pa Bondye. Bon, lè Li te fè sa, kèk jou pita, yo te krisifye L, Li te resisite, monte anwo nan Syèl, e Pyè te inogire Levanjil la nan jou Pannkot la. Èske l te fè sa? Li, sèten, li te fè sa. Kounye a obsève, lè li ta . . .

34 Yo tout t ap moke yo, poutèt yo te ranpli ak Lespri. Yo te rele yo “eretik, sen ki eksite,” oubyen yon jan de non konsa. E yo te menm ri, epi di: “Moun sa yo ranpli ak diven fre.”

35 E Pyè ki te kanpe la nan mitan yo, te leve vwa l, e li te di: “Noumenm lèzòm frè m yo, koute vwa mwen. Koute pawòl mwen, e koute m byen. Moun sa yo pa sou jan nou sipoze yo ye a; nou jis nan twazyèm peryòd tan nan jounen an. Men sa a se sa ke pwofèt Jowèl te pale a: ‘E sa va rive nan dènye jou yo, ke Mwen va vide Lespri Mwen,’ epi sa Li ta pral fè sou pitit gason L, ak pitit fi L yo, epi sèvant Li yo, elatriye, nan jou sa.”

36 E kan yo te kòmanse tandè sa, yo te touche nan kè yo. Paske, yo te tandè yon nonm ki pat menm konn ABC l, poutan yo te oblije admèt, rekonèt ke li te gen yon Bagay anndan l, ki t ap brile, se te Sentespri a. Eseye rete l? Ebyen, se t ap tankou w ap eseye etenn yon dife, nan yon bilding sèk, yon jounen pandan van ap vante. Ou pa tap ka fè l. Li te ranpli ak Sentespri a. E kisa l te fè la?

37 Yo te di: “Ebyen, noumenm lèzòm frè yo, kisa nou dwe fè pou nou sove?”

38 Kounye a obsève byen, Pyè, ou gen kle Wayòm lan. Ou wè?

39 Kounye a, kan Jezi te resisite twazyèm jou an, Li pat gen kle Wayòm Syèl la. Èske w te konn sa? Li te di: “Mwen posede kle lanmò ak lanfè,” men pa kle Wayòm lan, paske yo te bay Pyè l.

40 Bon Li te di: “Pyè, kèlkeswa sa ou delye sou tè a, Mwen va delye l nan Syèl la. Sa w lye sou tè a, Mwen va lye l nan Syèl la.”

41 Bon men li ki kanpe ak kle yo, pou louvri bagay beni sa pou mond lan. E la li gen kle a nan men l. E yo t ap mande: “Kisa nou ka fè pou nou sove?” Kounye a, pe enpòt sa apot la te di pou fè, Bondye te oblije rekonèt sa nan Syèl la, si L te ba l otorizasyon sa.

42 Bon Pyè te di: “Repanti, nou tout, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou, e nou va resevwa don Sentespri a.” Èske se vre? E se poutèt sa kle a te tounen nan Syèl la pou okenn lòt non, okenn lòt fason, okenn lòt—okenn lòt fòm. Jan L te tounen sou tè a, konsa l te tounen nan Syèl la, osinon Jezi pat kenbe Pawòl li te bay Pyè a. E tout kote nan Bib la yo te batize, dapre modèl sa, yo te batize nan Non Jezikri. E sa yo ki te batize avan sa, te dwe vini pou yo rebatize ankò, nan Non Jezikri, pou yo te resevwa Sentespri a. Sa se fason kòrèk la. Sa ankò ap kontinye menm jan an.

43 Kifè, si n ap anseye batèm nan non “Pè, Fis, ak Sentespri,” Se fo pwofesi. Kounye a m pa vle fè w mal, men mwen dwe anfonse sa desann pou legliz sa konn de ki prevyen. Nou pa isit la tankou yon bann analfabèt entatad; nou konn kote nou kanpe nan Pawòl Bondye a. Ou wè, nou konnen. Mwen lanse nenpòt ki moun lan defi pou montre m kote yon moun te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Bon oubyen ou va koute fo pwofesi oubyen Laverite? Sonde Lèzekriti. Se responsabilite w.

44 Montre m kote yon moun nan Bib la, kote yo te janm tabli yon legliz kòm yon denominasyon nan—nan Bib la. Montre m nan Bib la kote yo te janm tabli yon fanm predikatè. Montre m nan Bib la kote tout bagay sa yo, ke n ap pale de yo a, te janm tabli nan Bib la. Yo pa la. Montre m yon plas. W al nan yon denominasyon . . .

45 Ebyen, kan Metodis yo te parèt, yo te preche sanktifikasyon. Sa se kòrèk. Men, kan yo te fè sa, yo te vin yon denominasyon, e sa te regle kesyon an. Se poutèt sa Bib la di: “Ou gen yon non.”

Ou di: “Mwen se Kretyen.”

“Ebyen, nan ki denominasyon ou fè pati?”

46 Ou va di: “Yon Metodis,” ebyen, konsa ou se yon pwostitye. “M se yon Batis,” pwostitye. “Pannkotis,” ou se yon pwostitye. Ou fè pati de legliz sa.

47 Ou ta dwe fè pati de Kris. Ou pa gen dwa di: “Metodis,” “Batis.” Si w se yon Kretyen, ou se yon Kretyen nan kè w.

48 Chak nan denominasyon sa yo ka pwodwi timoun, timoun pou Bondye, se vre. Men lè w panse ou pral nan Syèl jis poutèt ou se Metodis oubyen Batis, ou gen tò. E se poutèt sa nou te rete andeyò bagay sa.

Poukisa Batis yo paka wè l?

49 M te mande yon mesye Metodis la, ki t ap ekri yon tèz, li te ekri l sa fè lontan. Li te di: “Sèl bagay nou gen kont ou, se paske ou annafè ak Pannkotis yo.”

Mwen te di: “Kilès ‘nou’ sa yo?”

“Nou menm, Metodis.”

50 Mwen te di: “Ebyen, kite m di w kisa m pral fè. Mwen pral vin nan vil pa w la epi kite Metodis yo sipòte sa.”

“O,” li te di, “natirèlman, nou p ap ka fè sa.”

51 Mwen te di: “Se jis sa m te panse. Mwen rete ak Pannkotis yo poutèt Pannkotis yo kwè sa. Se vre. Yo regwoupe otou li. Yo se sila yo ki tire benefis de sa.”

52 Konbyen moun ki te li atik sa nan magazin *Life* la, jis sa pa fè lontan, apwopo legliz Pannkotis? Se youn nan pi gwo fenomèn nan aj sa. Yo gen plis moun ki konvèti nan yon lane pase tout lòt rès legliz yo mete ansanm. Poukisa? Menm nan erè yo, Bondye ap fè yo bouje, poutèt yo kwè Laverite e y ap mache avè L. Se Laverite.

53 Men kisa n ap fè kounye a? Ou wè? Se poutèt rezon sa nou pa yon denominasyon. E jis osi sèten ke Pannkotis yo ap vin yon denominasyon . . .

54 E lòske sa fè byen lontan laba, lè Sentespri a te tonbe premye fwa sou legliz Pannkotis, sa fè karantan, yo te kòmanse ap pale an lang, se youn nan don yo. Se pi piti nan don yo. Se don ki gen pi piti enpòtans, dapre Sen Pòl, se pale an lang. E menm kote l te tonbe a, “O,” yo te di: “nou posede L kounye a,” e yo te fè yon denominasyon, Konsil Jeneral la, ki vin Asanble de Dye yo kounye a. “O, pèsonn pat posede L si li pat pale an lang,” E Bondye te jis bouje kite yo al fè wout Li, epi kite yo chita la. Sètènman. Wi, mesye.

55 Epi men Initè yo ki te vini, pou dekouvri batèm nan Non Jezi a. Yo te di: “O, nou posede l,” yo te vin òganize. Kisa yo te fè? Bondye te jis bouje soti kite yo chita la.

Se pou: “Nenpòt kimoun ki vle a, ke l vini.”

56 Ou wè, Initè yo pa ka ale kay Asanble yo. Asanble yo pa ka ale kay Initè yo. M te pale ak kèk nan pi bon mesye yo genyen, Mesye Goss, ak Doktè Pope, ak anpil lòt. Mesye yo ki se gran gason nan . . . Mwen te chita avèk yo. M te di: “Kijan nou ka ap anseye evidans inisyal sa, antan ke moun edike?”

57 “Ebyen,” yo te di, “Frè Branham,” youn, de ou twa ladan yo, te vrèman onèt, yo te di: “nou konnen se fo, men kisa nou ka fè? Si nou di kwakseswa konsènan sa kounye a, ebyen, sa va entèwonp tout pwogram lan nèt.” Sètèn, e nou p ap evèk ankò, oswa siveyan jeneral. Se sa ki ide a.

58 Frè, m ta pito gen yon ti misyon nan kwen an, oswa preche anba on pye bwapen, epi gen Verite a, sètènman, epi konnen w ap di Laverite. Lòm bezwen Laverite. E ou oblije, antan ke yon Kreyen, rann temwayaj a Verite a. Bondye pral rann ou responsab pou sa.

59 Kifè, sou bagay sa yo, si w pat batize nan Non Jezikri, e ou pat fè bagay sa yo, epi ou pat resevwa Sentespri a . . .

60 Ou va di: “O, m pale an lang.” Sa pa vle di ou gen Sentespri a.

61 Mwen deja wè sòsyè, sòsyè, demon, ak tout lòt yo, ap pale an lang. Sètènman. Yo pa gen Sentespri a, e ou konn sa. Yo bwè san nan zo bwa tèt mò, epi yo danse, epi yo envoke demon, epi yo pale an lang. Sètènman. Yo pa gen Sentespri a.

62 Kifè, paske w pale an lang, sa pa vle di ou genyen L. Sèl fason ou konnen ou genyen L, se lè espri w rann temwayaj a Espri Li, epi fwi Espri yo swiv ou: lanmou, lafwa, lajwa, lapè, pasyans, bonte, dousè, jantiyès. Se lè sa ou konnen ou gen Sentespri a. Li rann temwayaj de pwòp Tèt Li.

63 Bon, lè w ap eseye repoze sou zafè, ke ou fè pati de Asanble yo, oswa Batis yo, oswa Presbiteryen yo, ou wè kisa w ap fè la? Ou adopte yon non pwostitye. Se egzaktman vre. Soti nan bagay sa. Elwaye w de sa. M pa vle di kite legliz ou oswa nenpòt bagay la; ou fè sa w vle konsènan sa. Men sispann repoze w sou zafè: “O, m se Presbiteryen. Nou pa kwè nan tan mirak.” Poukisa w pa kwè l? Bib la anseye l. “O, m fè pati de Legliz de Kris. Yo di tan mirak yo pase.” Yo se fo pwofèt.

64 M ka montre w kote Jezikri te bay Legliz Pouvwa, pou geri malad, epi resisite mò, ak chase demon. Mwen lanse defi bay tout òm pou montre m yon Ekriti nan Bib la kote Li te reprann sa nan men Legliz. Kisa ki te fè l ale? Pwòp dògm ou, dakò, pa Pawòl Bondye a. Sentespri a toujou kontinye ap fè travay la, kontinye ap avanse menm jan an, e L ap kontinye pou tout tan.

65 Se rezon sa kifè nou pa yon denominasyon, “Y ap gen yon aparans pyete, men y ap renye Pwisans lan; elwaye w de tèt moun.” Nou pa kwè nan bagay sa.

66 Kounye a, kijan sa te vrèman kòmanse? Nou pral depeche nou pou antre ladann pi vit posib kounye a, jan sa te vrèman kòmanse. Kounye a nou gen anpil Ekriti ekri la konsènan Sentespri a.

67 E yon lòt bagay, yèsou nou te lanse yon defi, sou “pèseverans sen yo,” pa fason Batis yo kwè l la. Non, mesye. Se sètèn mwen diferan de Batis yo ak ide yo a, teyori Kalvinis yo a. Mwen sètènman an dezakò ak Presbiteryen yo. Mwen pa dakò ak Metodis yo sou fason doktrin Amenyen yo a. Wi, mesye. Men yo toulède gen yon verite, men ou dwe retounen *La a* kote Verite a ye. Lè w kouri al laba, ou tou dechennen avèk sa. Sètènman.



68 Batis yo vini, yo te batize on koup laba, pa imèsyon; e predikatè a te batize yo, nèf sou dis ladan yo te abitye fimen sigarèt, yo te retounen soti kanpe deyò a la, ap jwe kat, bengo tout lannwit, ap monte desann, ap fè move zafè; epi tout fanm yo an chòt la, ap monte desann nan lari a, ak cheve yo koupe, epi—epi ap fimen ap pale, nan ti rasanbleman sou kouti alamachin, ap bay blag sa. Ou rele sa Kreyente? E ou panse w gen sekirite Etènèl? Ou pral nan lanfè konsa. De tout fason ou pa t ap ka rejwi w nan Syèl la. Sètènman pa. Se pa sekirite Etènèl.

Men kan yon nonm ne de nouvo selon Sentespri a . . .

69 E nou menm Pannkotis, poutèt nou te sote ponpe, pale an lang, ap kouri monte desann nan pasaj la, sa pa vle di ou gen sekirite Etènèl. Piga w janm met sa nan tèt ou. Non, mesye. Se sètènman pa sa. Paske, ou konnen ke pwòp—pwòp vi w deklare ou pa ladan l, rann temwayaj, ou pa kòrèk ak Bondye. Se jis. Ou pa kòrèk. Sa se poko sekirite Etènèl, ankò.

70 Men m vle mande w on bagay. Èske gen yon sekirite Etènèl? Bib la di sa. Bib la di ke non nou te plase nan Liv Lavi Ayo a anvan mond lan te kòmanse.

71 Jan m te di maten an, m ap di l ankò. Nonm sa ki te ekri chante sa: “Te gen yon nouvo non ki te ekri nan Laglwa aswè a, e se non pa mwen,” ide l la te kòrèk, men li te gen tò, dapre Lekriti. Yo pat mete non w jou swa ou te sove a.

72 Non ou, selon Bib la, selon Apokalips 13, 17, elatriye, “te plase la anvan mond lan te menm kòmanse; e Jezikri te sakrifye anvan fondasyon mond lan.”

73 Kijan Bondye, Ki enfini, kijan yon Bondye enfini, ki konnen lafen depi nan kòmansman t ap kapab, kijan Li t ap kapab janm pèmèt peche vini sou latè, si se pat pou yon rezon?

74 Jis pou apiye kounye a kèk bagay nou te di. Kisa k te la anvan, Sovè a oswa pechè a? [Yon moun di: “Sovè a.”—Editè a.] Sovè a, sèten. Kilès ki pi pwisan, on Sovè oswa on pechè? Si on Sovè ka efase peche, Li pi pwisan. Ebyen, poukisa Li te kite peche rive pou kòmansè? Pou montre ke Li te on Sovè. Kilès ki pi pwisan, on gerisè oswa on maladi? On gerisè. Alò poukisa Li te kite maladi vini? Pou montre ke Li te on gerisè. M santi m wenn kounye kounye a. Wi, mesye. O, la la! Sa yo se atribi L.

75 Se poutèt sa Li kite latwoubly vini. Se poutèt sa Li kite tristès vini, pou montre ke Li se lajwa. Sèten, se sa. Se poutèt sa nou gen lannwit, pou pwouve gen lajounen. Se poutèt sa nou gen move karaktè, pou montre gen lapè. Sèten, se pou ou kont. O, li mèveye.

76 Bon, kijan sa te kòmansè? Nou pral toudwat ladan l, jis osi vit ke posib, konsa m p ap kenbe w tout lannwit. Kounye a, dwe gen yon kòmansman pou tout bagay.

77 Epitou Mwen vle mande w on bagay. Bon sa ka petèt . . . Ou va jis pran sa mete l nan pòch levit ou. Ou pa oblije melanje sa ak bagay prensipal la. Men koute sa a.

78 Si w se yon kreyati Etènèl, alò ou pat janm te gen on kòmansman, oubyen ou p ap janm gen on fen. Paske, *Etènèl*, vin de mo “ki vle di pa gen kòmansman oswa pa gen fen.”

79 Èske w pa sonje sa? M te pale, maten an, sou kòman Mèlkisedèk sa, lè l te rankontre Abraham ki t ap vini apre masak wa yo. E Bib la di, nan Ebre 7, ke—ke, “Levi te peye Mèlkisedèk dim, pandan l te nan ren Abraham papa l.” Abraham te fè Izarak; Izarak te fè Jakòb; Jakòb te fè Levi. Se te papa, gran papa, e gran gran papa. Pandan Levi te nan ren gran gran papa l, Bib la te ba l kredi kòm kwa li te peye Mèlkisedèk dim. W ap pale de bagay Etènèl! O, la la! Li pat janm di: “Li te fè l dapre tip; li te fè l potansyèlman.” Bib la di: “Li te peye dim.” Amèn.

80 Kifè, si nou te soti nan liy vrè semans lan, lè Pòl t ap preche Levanjil la mwen te la e ou te la. Nou pral rive nan sa, jis nan on minit, drèt nan zòrèy nou. Remake, se sa ke Lèzekriti deklare, ban nou, menm lè w retounen byen lwen an aryè.

81 Jis panse! Levi; apre sa Jakòb, papa l; answit Izarak, papa pa l; apre sa Abraham, papa; gran gran papa l. Lè Levi te nan ren gran gran papa l, li te peye dim bay Mèlkisedèk.

82 M vle mande nou. Kilès moun sa a, Jòb 27. . . 38, lè L te di: “Ki kote w te ye kan M te poze fondasyon latè? Lè tout etwal di maten yo t ap chante ansanm, epi tout pitit Bondye yo t ap rele ak kontantman?” Se te kimoun pitit Bondye sa yo ki t ap rele ak kontantman yo? Jezi te di yoke: “Mwen te gen lajwa avèk nou anvan fondasyon mond lan.” Nou pa kreyati tan. Nou se kreyati Etènite.

83 “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen, si Papa M pa atire l. E tout sa ki vin jwenn Mwen, Mwen va ba yo Lavi Etènèl, e M va resisite yo nan dènye jou yo. Pèsonn pa ka rache yo nan men Papa M, ki te ban Mwen yo.” Kijan w fè pral pèdi a?

84 Ou wè, ou gen laperèz. Ou pè. Ou va kouri sa e la. E se youn nan meyè prèv, nan mond lan, ou poko ale okenn kote ankò. Se vre. Kijan Bondye te ka janm sove w si Li . . .

85 Konbyen moun nan legliz sa ki ta renmen leve men yo, pou kwè ke Bondye enfini? Ou konn kisa mo *enfini* an vle di? Sa jis pafè. Enfini, ou pa ka—ou pa ka eksplike mo *enfini* an.

86 Èske w te janm pran kamera pa w epi regle l a lenfini? Ebyen, li jis vle di apati kounye a ak tout sa ki vin apre a. Dakò. Pa gen okenn fason pou w regle l apre sa ankò.

87 Ebyen, se sa Bondye ye. Li enfini. E si Li enfini, pa ka gen yon kòksinèl, pa menm on mouch, pa menm on ti pis, pa menm on pou, pa menm on chik, oswa anyen ki te janm egziste sou tè a,

ou ki va egziste, anyen ke Bondye pat konnen anvan mond lan te menm fòme. Men yon konsepsyon de enfini.

<sup>88</sup> Ebyen, kifè, ou Bondye enfini ki sove w isit la, t ap konnen Li ta pral pèdi w semèn pwochèn lan, oswa mwa pwochen an, oswa lane pwochèn, enben, Li t ap defèt menm pwòp bi Li. Li pa ka pèdi w. “Sila ki koute Pawòl Mwen, e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi etènèl e li p ap janm vin nan Jijman, men li pase de lanmò a Lavi.” Li pa ka fè l. Ou pa t ap ankò . . .

<sup>89</sup> “Sila ki ne de Bondye a pa komèt peche; paske semans Bondye a abite nan li, e li pa ka peche.” Kijan l fè ka peche kan gen yon ofrann pou peche ki la pou li?

<sup>90</sup> Kijan m ka fè malad kan m an pafèt sante? Kijan m ka fè avèg kan m ka wè? O, la la! Kijan m ka fè anndan bilding lan epi deyò bilding lan an menm tan? Kijan m fè ka sou epi tèt klè an menm tan? Ou pa ka fè l.

<sup>91</sup> E lè w sove, ou anba Ekspeyasyon an, e yo pa met peche w yo sou kont ou. Èske David pat di: “Benediksyon pou nonm sa ke Bondye pa konte peche l, epi Li pa mete l sou kont li”? Bondye pa retni peche kont kreyati Li. Sa sonnen fò. Sa se pa ti lèt dlo lolo. Men se Labib. Bondye p ap mete peche sou kont moun ki jis la.

<sup>92</sup> “Bondye,” ak gras Li, atravè predestinasyon, “pa vle pou pèsonn peri, men pou tout moun kapab rive repanti.” Men poutèt Li enfini, e konsa Li konnen kimoun ki t ap vini e kimoun ki pa t ap vini, Li te ka predestine tout bagay pou ap travay pou akonpli volonte L. Si se pat sa Li te fè, poukisa li te pèmèt peche pou kòmanse? Kan Li te on Sovè . . . Si pat janm te gen on pechè, Li pa t ap janm on Sovè; atribi a, sa ki te nan Li a, pa t ap ka soti.

<sup>93</sup> Kouman Li te fè janm vin on gerisè? Kouman Li te fè janm vin on gerisè? Paske Li te pèmèt maladi vini, pou L te ka montre Tèt Li kòm on gerisè. Li te on gerisè. Kouman ou t ap janm . . . Kouman yo t ap janm konnen L? Kouman atribi L yo t ap janm opere? Kouman Li t ap janm on gerisè, si pat janm te gen maladi? Li te oblije pèmèt maladi.

<sup>94</sup> Se pa etonan, Pòl te di, nan Women 8: “Se on foli, moun ki vle di potye a—a kisa l dwe fè konsènan li; èske, ajil la ka leve pou l di: ‘Poukisa, ou, te fè m konsa a?’ Èske Li pat sisite Farawon nan menm bi a, pou L te ka montre glwa Li an Ejip? Li rann kè moun Li vle di, e Li jistifye moun Li vle. Se pa sa ki vle a, oswa sa k ap kouri a, men se Bondye ki montre mizèridòd la.”

<sup>95</sup> Kifè, ou pa gen anyen pou wè ladan l. Ou pa gen yon sèl bagay pou w fè. Si se gras, si se yon don gratis, pa gen on sèl bagay ou ka fè konsènan sa. Bondye te ba ou l, e se volonte Bondye. Se sa ke Bondye te predestine pou ou.

<sup>96</sup> Bib la di ke nou te “predestine pou nou te pitit adopsyon, pitit Bondye, anvan fondasyon mond lan.” Alò, kan Bondye te sakrifye Ayo a, nan Pwòp panse L, anvan fondasyon mond lan,

pou pwouve atribi Li yo, sa L te ye; lè Ayo a te sakrifye, nou te sakrifye avè L. Kan L te pran San Ayo a nan Pwòppanse L, laba a anvan fondasyon mond lan, non pa m ak pa w te ekri nan Liv la lè sa, tou sa nan granpanse L.

<sup>97</sup> Li enfini. Si L pat sa, poukisa Li te pèmèt li? Kilès ki pi fò, (jan m te di l la,) on Sovè oswa on pechè? Kilès ki gen plis fòs? Alò, pi fò a te dwe pèmèt pi fèb la, e Li sèlman fè sa pou glwa pa L. Kan Li te kreye Lisifè, Li te konnen li t ap vin dyab la. Li te dwe kite sa rive la pou montre ke Li te Sovè a, Kris la. Li te oblije kite sa rive fason sa.

<sup>98</sup> Bon, èske Bib la pat di, ke, “Tout bagay nèt ap travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye”? Kifè kisa w gen pou w pè?

Annou pran pozisyon pou aji,  
Ak on kè vanyan ki pare pou batay.  
Piga nou tankou betay estupid y ap mennen!  
(Ke yo dwe ap fòse epi sipliyè.)  
Vin yon ewo!

<sup>99</sup> M renmen sa. Leve kanpe! Se on ti powèm ki te konn ede m anpil lè m te timoun, li te di on bagay konsa:

Te gen on diyitè Women,  
Nan tan anperè Women yo;  
Ki te tande on kapon lach,  
Ki t ap di devan chato a:  
“O, ou santi w an sekirite nan yon fò konsa,  
Pa gen moun ki ka sekwe l.”  
“O, non,” ewo a te di,  
“M va jwenn on fason oswa m va fè l.”

<sup>100</sup> Men ni. Se vre. Si Bib sa anseye nou ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. . . Se pat on bagay fasil lè m te soti kite tabènak sa jou sa, ak tout moun ki t ap di m *sesi* ta pral rive, epi *sela* ta pral rive. “Yo t ap pran w pou on fanatik, yo t ap mete w nan prizon, e tout asosyasyon medikal la t ap kont ou.” Men Bondye te di fè sa. Bib la te di Li te sa. E kounye a gen yon dife revèy k ap boule nan chak nasyon anba Syèl la. Poukisa? Pran pozisyon pou sa!

Kijan ou fè swiv travay ou chak jou?  
Èske w pè travay ou jwenn lan?  
Èske w ka pran pozisyon pou travay k ap tann ou pi devan an?  
Èske w gen on espri fatigue e vid k ap di? (M rayi bagay sa.)  
Oswa èske w pran on pozisyon fèm pou travay k ap tann ou pi devan an,  
Oswa èske laperèz ap fè kous li ladan l?  
Si se sa, pouswiv pwochen an ke w va jwenn lan,  
Antan w appanse ke ou pral fè l.

101 Rete ak sa. Sètènman. Pran desizyon w nan kè w, tankou Danyèl. Rete ak Bondye.

102 “Ki kote tout sa te rive? Kijan sa te fè rive? Kisa ki rann moun yo konsa? Poukisa nou jis sou pwèn pou yo detwi nou? Eksplike m, Frè Branham. Kisa ki fè w panse ke tout bagay sa dwe efase?” Li te efase on fwa deja, (èske se vre?) lè destriksyon anvan delij la. Bon men kèk bagay pwofon k ap vini la. E n ap prepare nou pou nou li.

103 Bon mwen vle w vin avèk mwen kounye a, nan Liv Jenèz la, chapit twa a. Si w vle konn nenpòt bagay la, m ka montre w li nan Liv Jenèz sa kote w jwenn chak sèk ak chak ism, e tout bagay nou genyen jiska jodi a, te kòmans nan Jenèz. Konbyen moun ki konnen ke *Jenèz* vle di “kòmansman an”? Sètènman.

104 Nou jwenn legliz Katolik nan kòmansman, Babilòn, Nimwòd se te fondatè a; nou jwenn li nan mitan Bib la, nou jwenn li nan fen Bib la; nou jwenn, tantativ pou fè fanm vin predikatè, nan kòmansman Bib la, nan zafè ap adore ti estati ki fèt ak rasin. Konbyen moun ki deja li *De Babilòn* Hislop yo, istwa a? Dakò. Fouye, nan istwa sa yo. Yo te gen on fanm . . . E apre sa, ou sonje? Menm Jakòb te vòlè dye papa l yo, e pitit fi l te kache yo anba rad li pou l te pran yo mennen yo nan dezè a, bagay sa te souye kan an, pita. Dakò.

105 Ann li la kounye a nan Jenèz.

*Bon sèpan an se bèt ki te gen plis riz ke tout bèt nan chan ke SEYÈ Bondye a te fè. E li di fanm nan, Ya, èske Bondye te di, Pa manje nan tout pyebwa ki nan jaden an?*

*. . . fanm lan te reponn sèpan an, Nou ka manje fwi pyebwa ki nan jaden an:*

*Men kanta fwi pyebwa . . . nan mitan jaden an, Bondye te di, Pa manje ladan l, ni piga nou manyen l, sinon n ap mourì.*

*E sèpan an te di fanm lan: Se sèten nou p ap mourì:*

*Paske Bondye byen konnen ke lejou nou va manje, sètalò je nou va lowri, (ou wè, ap chache nouvo Limyè), e nou va vin tankou dye, n a konn sa ki byen ak sa ki mal.*

106 Nou wè kouman nèg sa yo ye jodi a, ap eseye retire nan Bib la? “Ebyen, sa pat jis fasil menm jan an pou vèsè dlo, oswa aspèje, oswa fason *sila a*, oubyen fason *sa*?” Non, mesye. Bondye etabli on pwogram, e se sa nou sipoze swiv, *Sa a*.

*E lè fanm lan te wè ke pyebwa a te bon pou manje, e ke sa te yon plezi pou je epitou yon pyebwa ki fè . . . ki te atire w pou rann ou saj, li te pran fwi l yo, e li te manje, e li te bay mari l tou ki te avèk li; e li menm te manje.*

*E je yo toulède te louvri, e yo te konnen . . .yo te toutouni; e yo te koud fèy figye ansanm, pou sèvi yo tankou tabliye.*

<sup>107</sup> M ta renmen rete la pandan yon minit. Bon, fòk gen on kòmansman pou tout bagay. Ou menm ou gen on kòmansman. Bon nou. . . Men sou kisa mwen vle baze tout bagay la, kounye a, nou te pale de sa nan de dènye reyinyon sa yo, epi isit la.

<sup>108</sup> Bon, maten an nou te retounen pou dekri l sou fòm pyès teyat, nan Bib la, kan Bondye t ap fè tè a, ke lè Li t ap fòme gaz yo; e apre sa gaz sa yo te tounen kalsyòm, ak potasyòm, ak—ak diferan bagay. Li t ap fòme kò w. Li t ap prepare bilding lan, tankou yon gran konstwiktè, tankou on kontraktè ki blayi materyèl li pou l bati yon konplèks kay. Li t ap fòme kò w, e Li te genyen l blayi la. Li te jis konnen egzakteman, nan panse L, kisa ki ta pral fèt.

<sup>109</sup> Men sa a, Bondye te fè men sa anvan Li. . . pandan Li t ap fè mond lan; men, Li te fè espri mwen anvan te gen yon mond. Bon, poutan men ak kò sa, Li te fè yo kan Li te fè mond lan, paske kò sa soti nan tè a, e li va retounen nan tè a. Bondye te fè sa. Li te etale l nèt nan gran plan L ak pwogram Li.

<sup>110</sup> Kounye a, lè Li te pati pou fè tè a, Li te fè lòm, e lòm te jis pat sanble l te kòrèk. Kounye a nou te pase sou sa, maten an, nou te pase atravè pyès teyat la, kouman Papa a—a te desann pou gade pitit Li, ki te fèt dapre imaj Li, elatriye. Apre sa Li te fè yon madanm pou li, yon èd.

<sup>111</sup> Bon, sonje, ke, tout kreyati sou tè a, Adan te ba yo non.

<sup>112</sup> Li te kreye betay yo—yo, ak bèt yo, ak tout bagay. E jodi a, nou. . . Kwonolojis yo ak—ak diferan gwo pansè nan lasyans, ap eseye, depi si mil an, jwenn mayon chèn ki manke a, rezon ki fè animal yo. . . Lòm fè pati vi animal. Nou konnen sa, ke nou fèt. . .

<sup>113</sup> E on fanm se on pati yon nonm, yon sou pwodwi. Ou pat jwenn on fanm nan kreyasyon orijinal la. Bondye te fin kreye, sa te fè deja plizyè ane epi ane sou ane, jouk Li te vin fè fanm lan apati de yon zo kòt li. Adan te bay tout kreyasyon an non yo, ak tout lòt bagay, men li pat jwenn anyen pou limenm. Kifè, Li te fè yon èd pou li; te pran yon zo kòt li, te fèmen twou a, e Li te fè yon èd pou li. E lòm, sou fòm espri, te alafwa òm e fanm.

<sup>114</sup> E yon fanm se jis on pati yon nonm. E kan yon nonm pran pou tèt li yon fanm, si se madanm li kòrèkteman, yon madanm Bondye ba li, li va jis avè l tankou on pati nan li.

<sup>115</sup> Se pou rezon sa nou gen si tèlman deblozay nan maryaj, se paske w al deyò a epi ou wè yon tifi avèk bèl jye mawon oubyen ble, oswa on bagay konsa, ak yon bèl figi, epi ou tonbe pou li. Premye fwa li fè premye ti bebe li, dan sa yo vin soti deyò epi li vin ride epi vin vyeyi, e alò ou vle choute l deyò. E nou menm fanm yo nou jwenn yon ti gason ak cheve l desann byen lis, e l

te pran mwatye pomad manman l pou sa, pou gen cheve boukle. Tou sa va fane; mwen konn sa pa eksperyans. Men kisa k rive? Kisa sa ye? Ou te tonbe pou sa.

116 Ou dwe priye, anvan, paske yon fanm se yon pati de ou. E si w pran yon fanm nan bra w pou atire l sou lestomak ou, epi ou pran l pou madanm ou, epi ou . . . Li kite yon mak anprent sou ou. Annou di l konsa pou w ka konprann. E tout lòt fanm sou lestomak sa p ap ka koresponn ak anprent sa. E Bondye va rann ou responsab pou sa. Epi jis sonje sa.

117 Ou menm ki pran madanm on lòt pou soti epi . . . M te tandè jodi a apwopo yon tifi la nan vil la, yon pòv ti bagay. Mwen konnen l. E yon azaryen te achte yon sipè bèl rad pou li, ak bagay konsa, ap eseye dejwe l konsa. Se yon rat, ki pou ta fè on bagay konsa, ou pa ka menm konsidere sa tankou yon imen.

118 Ou konnen, on chyen p ap desann ba konsa, e poutan ou rele on manman chyen “chyèn.” Li gen plis moral ke mwatye fanm nan Jeffersonville. E ou rele on vye manman kochon yon “femèl kochon,” e li pa . . . Li gen pi plis moral ke fanm nan Etazini, anpil nan yo. Se egzakteman vre. Bon, m konnen sa dirèk. E m te di nou m ta pral pase woulo konpresè a lakay, e m vle w konnen sa. E se vre. Yo tout, fanm yo sèjousi, pa menm konn kisa moral ye. Yo di: “Piga w blese konsyans mwen.” Ebyen, ou pa menm gen sa. Remake. Wi, mesye. Se lè, ou konn sa k byen ak sa k mal.

119 Bon remake. Nonm sa, kan yo te kreye l, Bondye te separe espri li. Li te pran yon pati nan nonm lan, kòt li, e Li te fè yon fanm avèk sa. E alò Li te pran pati feminen an, espri delika nan lòm lan, e L te fè yon fanm avèk sa. E Li te fè nonm lan ak pati maskilen an, pati kosto a.

120 E kan w wè yon—yon—yon nonm ki se on ti . . . ou konnen, ap fè zong, oswa pe enpòt jan w rele sa, zong men l; e, ou konnen, kat on kote epi senk on lòt kote, epi—epi ak cheve lis tonbe desann; pou gade bouch li ouvri pa devan, ak jan de bagay konsa; youn nan bo ti gason sa yo. Jis sonje, sè mwen, gen on bagay ki fo ak zwazo sa. Gen on bagay ki fo. Ou ta fè mye gade jye w sou li.

121 E lè w wè yon fanm ak yon sigarèt nan kwen bouch li, ak yon pè salòpèt sou li, e k ap di: “M pral di w, zanmi kanmarad, kisa sa ye!” Frè m, siveye vye fanm sa. Gen on bagay ki fo avè l.

122 Yon fanm, sipoze rete yon fanm, e li sipoze abiye tankou yon fanm. Kan Bondye te fè lòm, Li te kreye l yon fason, epi Li te kreye fanm lan yon lòt fason. E kan Bondye abiye yon nonm, Li abiye l yon fason, e fanm lan yon lòt fason. E Bib la di: “Se yon abominasyon pou yon fanm mete sou li yon rad ki fèt pou gason.”

123 E noumenm fanm, ki ap mete vyep ti pantalon sa yo ak bagay konsa, epi ap pote yo pou sot deyò a la, vyep ti . . . Se kijan nou rele yo, knickerbocker? Kijan yo . . . ? O, se kisa bagay sa yo . . . ? Non, non, se pa chòt, se lòt sa, li gen janm long ladan l. [Yon

moun di: “Pantalon korsè.”—Editè a.] Pantalon korsè, ak salòpèt, pantalon ble pou travay.

Ou antre la, yo di: “Sa a se pou dam yo.”

124 Mwen di: “Non, nou fè erè. Dam yo pa pote bagay sa yo. Fanm yo petèt, men pa dam yo.” Se jis.

125 Bib la di: “Se yon abominasyon pou yon fanm mete yon rad . . . e pou yon nonm mete yon rad ki fèt pou fanm.”

126 E lòm ap vin plis fifi, chak jou, epi fanm ap vin plis mal gason. Sa k ap rive la? Nou pral jwenn sa nan kèk minit, pa Bib la. Fanm yo pa fanm ankò. Mwen p ap pale avèk nou fam Kreytè yo. M ap pale de fanm an jeneral. Yo vle aji tankou gason; yo vle koupe cheve yo tankou gason; ap leve men yo anlè nan yon ba, fason sa, epi ap chante ke *Bondye beni Lamerik*, ak sigarèt nan kwen bouch yo.

127 Yo desann nan lari a, fè bak konsa, epi al drèt sou otowout la. Nou te konte . . . Mwen vle di nou yon bagay. Epi noumenm chofè fanm yo, tandè. Billy Paul avè m, pandan dènye kanpay nan peyi a, sa fè sis mwa, mwen te anrejistre kantite ensidan ki te fèt sou wout la. Nan twasan enfraksyon, sou wout la, devine konbyen ladan yo ki te chofè fanm? Te manke sèlman . . . Diznèf nan yo se te chofè gason. E desan katreven, konsa, mwen kwè se te, desan katreven en la te sipoze chofè fanm. Chofè fanm! Bon, m p ap di pa gen bon chofè fanm. Men li va tounen nenpòt kote.

128 E jis eseye pran sanksyon kont li? Si l on ti jan parèt joli, antan l kanpe la, l ap voye cheve l yo monte kan yon polisye prezante. “Ebyen,” li va di, “sèten, se ou ki nan lerè!” Hmm! Nou pa gen okenn lwa.

129 Yo te pwouve sa lòt jou nan dosye tax ke m fèk sot ladann lan. Nou pa gen okenn lwa. Si genyen . . .

130 Se pa etonan ke gran lord sa yo an Angletè te di: “Demokrasi se te yon pakèt vwal men pa gen ank.” Se vre, yo kanpe sou kès bwat savon, ap fè kanpay elektoral. Demokrasi a pouri, e se menm jan pou diktatè yo ak tout lòt rès yo. Tout bagay la pouri. Pa gen okenn lòt bagay pou Bondye fè, se detwi tout bagay la nèt, jan L te di Li t ap fè a, epi rekòmanse a nouvo. Kounye a obsève kouman nou pwòch Vini an.

131 Bon kan fanm sa . . . Li te kreye yon èd pou li, e li te dwe yon èd pou li. E apre sa . . .

132 Kounye a, la, m poko janm jwenn on predikatè ki dakò sou sa ankò. Epi y ap eseye fè l yon lòt fason, men poutan li pa fè sans pou mwen. Y ap eseye di ke Adan e Èv te manje kèk pòm. Frè, si . . . M p ap di sa pou fè blag kounye a, men m vle di l. Paske, si manje pòm fè fanm yo reyalize ke yo toutouni, nou ta fè mye pase pòm ankò. E nou konnen ke se vre.

133 Nou konnen, manje yon pòm, se pat sa ke yo te fè, ki te fè yo reyalize ke yo te toutouni. Sètènman, se pat sa. Sa te dwe vini



avèk sèks. Sa te oblije, paske yo te reyalize ke yo te toutouni lè yo te pran fwi entèdi sa. Èske yon fanm se pa yon pye fwi? Èske se pa fwi manman w ou ye? Se sa ki fwi ke yo te entèdi pran an.

134 Kounye a men yon gwo bagay. Kounye a pi pwòch ke lasyans te janm rive pou konnen kisa èt imen te. . . Yo te detere vye zo, yo te pran fosil, e yo te pran zo tèt, ak kràn tèt, ak ponyèt, ak zo, pou ap eseye fè l sanble ak yon èt imen. E yo konnen ke bagay ki pi pwòch ke yo te janm jwenn konsènan lòm, sa k pi pwòch li, se yon chenpanze. Li se espès ki pi pre yon èt imen; men malgretou li pa anyen a kote èt imen an, ki pi gran.

135 Fòm lavi ki pi ba ki genyen se yon grenouy; fòm ki pi elve a se èt imen. Bondye te kòmanse pa anba pou monte anwo, jiskaske Li te abouti dirèk a imaj pa L. Li te fè l pase pa zwazo ak bèt, epi ap monte, jiskaske Li te atenn imaj Bondye. Li te fè lòm dapre imaj sa. Se fòm ki pi elve a. Fòm ki pi ba se jis yon tèt a ki te chanje an krapo, elatriye.

136 Bon, mayon ki manke sa, ke yo pa ka jwenn lan. Obsève Lekriti kounye a. Ou, ou pral an dezakò avè m sou sa, anpil nan nou, men mwen vle. . . Mwen jis vle w gade sa nan panse w. Epi piga w gen prejije kont sa. Koute.

137 M konnen anpil nan nou fèk sot tande Doktè DeHaan. Se sèten mwen. . . Yon nonm ak kalite kalib li, e ki yon bon Frè Batis, e se sèten mwen apresye l. Li gen pi plis entèlijans ak sèvo ak—ak sa m bliye pi plis ke m ta janm konnen; paske li se yon Doktè an—an Divinite, e li se yon doktè medikal, epi li se yon Doktè nan Lasyans. Li se yon nonm briyan. Men li di ke sila yo. . . Kan pitit Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo te bèl; li refere l a opinyon Josephus la, pou di ke “yo—yo te antre nan lachè imen,” e yo te pran yo pou madanm. E se yo ki te jeyan nan peyi Nòd la. “E yo te chwazi pou pwòp tèt yo madanm pou yo te viv avèk yo, lè pitit Bondye yo, se te dè Zanj dechi, ki te wè epi ki te pran pitit fi lèzòm yo; epi dezi seksyèl se te yon bagay tèlman ekstraòdinè, menm si yo te vin nan peche poutèt yo te chite, yo te antre nan lachè imen.”

138 Si yo te ka fè sa, yo t ap konpwomèt gerizon Divin, yo t ap konpwomèt tout lòt bagay. Si dyab la ka kreye, li egal ak Bondye. Dyab la pa ka kreye. M vle w montre m yon plas kote dyab la ka kreye. Li pa ka kreye. Li sèlman pèvèti sa ki deja kreye. Li pa yon kreyatè. Li se sèlman youn ki ap pèvèti.

139 Ebyen, konsa, kisa k te rive? Siveye. Men vèsyon pa m. Men mayon ki manke a.

140 Kounye a yo gen yon chenpanze, men ou pa ka kwaze on chenpanze avèk yon fanm pou fè pitit. Ou pa ka kwaze yon èt imen avèk yon animal. Sa p ap melanje. Ou pa ka pran yon transfizyon san, ki vin de yon animal.

141 Lè m te an Afrik, yo te trete pòv moun nwa sa yo laba nan yon tèl fason; yon moun te abòde m, pou di: “Yo pa lòt bagay ke zannimo.”

142 M di: “Ekskize m. Yo jis imen menm jan avè w, petèt on ti jan plis.” Kite m di w, lè w gen jan de atitid sa, w ap fè wout ou tounen dèyè pou vin yon animal. Mwen di: “Nonm sa, menm si l nwa tankou as de pik, oswa menm si l jòn tankou yon jòmou, oswa menm si l ble tankou digo, li ka sove vi w nan ba ou yon transfizyon san. Men piga w janm mete san yon animal nan ou.” Sèten, li se yon imen.

143 Jis poutèt yon po te nwa, epi lòt la te mawon, epi lòt la te jòn, e lòt la blan, sa pa gen anyen pou l wè avèk sa. Bib la di: “Bondye te kreye tout òm avèk yon sèl san.” E se egzaktman vre. Plas kote n ap viv yo, chanje koulè nou, sa pa gen anyen pou l wè avèk sa. Bondye te fè tout nasyon yo apati de yon—yon nonm, yon san, tout nasyon yo se menm.

144 Chinwa yo; moun nwa pa ka di la a, moun nwa a pa ka di kounye a, ke: “Chinwa sa, li—li jòn, m pa pral annafè avè l.” Li se frè w. E ou menm moun blan ou pa ka di moun jòn lan oswa moun nwa a, nenpòt ladan yo: “M pa annafè avè w.” Li se frè w. Egzaktman vre.

145 Remake, kounye a, men sa k te rive. Mwen kwè, e m ka apiye sa ak Bib la, ke se sèpan an ki te fè sa. Sèpan an se moun ki manke ant chenpanze a ak lòm lan. Paske, tandè, remake sa kounye a, ke sèpan an pat yon bèt ki te konn trennen. Li te gen plis “riz” pami tout bèt nan chan yo.

146 Bon, m t al gade nan diksyonè, jodi a, chache tout kote, pou jwenn mo sa, sa mo *riz* la te vle di. Li vle di “briyan, malen,” e, meyè entèpretasyon de—de Ebre a (rasin lan se m-a-h-a-h, mahah) sa vle di “ki gen yon veritab konsepsyon prensip lavi.”

147 Bon annou obsève sa jis on minit. Li briyan, malen, poutan yo rele l “sèpan.” Men, sonje, li te bagay ki te pi briyan ki te egziste, e li te pi plis tankou èt imen ke nenpòt ki lòt bagay ki te genyen nan chan an; li te pi pre yon èt imen. Li pat yon bèt ki t ap trennen. Malediksyon an te rann li yon bèt k ap trennen. E li te . . . Bib la di li te pi bèl pami yo tout.

148 E menm malediksyon an pat retire tout bote l; malgretou se aspè koulè yo ki fè bèl glwa yon sèpan, epitou gen elegans li ak entèlijans li. Menm malediksyon an pat retire sa. Men, sonje, Bondye te di l ke pat li yo ta pral disparèt e ke l ta pral ranpe sou vant li. E ou pa ka jwenn on sèl zo nan sèpan an ki sanble ak yon èt imen, e se poutèt sa lasyans pèdi wout li. Men men li.

149 Bondye te kache sa devan je saj ak entelijan yo, e Li te pwomèt pou revele l bay pitit Bondye yo, nan dènye jou yo lè pitit Bondye yo va manifeste, lè, “pitit Bondye yo ki t ap rejwi anvan menm fondasyon mond lan.” Lè gwo revelasyon Divinite a ak lòt bagay va desann nan dènye jou yo, Li ta manifeste bagay

sa yo atravè pitit Bondye yo. Ou konnen Lèzekriti anseye sa. E men nou rive la. Se poutèt sa Bondye ap louvri bagay sa yo pou nou. Bondye ap mennen pitit Li yo jouk nan manifestasyon yo. Li pral depase limit konesans nenpòt ki imen an, byen pwofon nan revelasyon espirityèl, pou fè Sa desann. Èske nou pat anseye, nan Bib sa: “Ke sila ki gen sajès la”? Pa sa li te aprann nan yon semine; men sa li te aprann sou jenou l devan Bondye, e sa ki te fè Bondye plezi pou ba li. Pitit Bondye yo, manifeste!

<sup>150</sup> Men sèpan an, bon men sa sèpan an te ye; mwen pral ba w deskripsyon pa m de li.

<sup>151</sup> Nou gen . . . nou kòmanse anba, apati de yon krapo, ap kontinye avèk tèt a, epi ap desann desann, avèk *tèl e tèl*, jiskaske finalman ou rive nan makak la, nan chenpanze a. E apati de chenpanze a, kounye a nou sote sou chenpanze a pou al jwenn imen an, e n ap mande poukisa.

<sup>152</sup> “Ebyen,” lasyans di, “bon tann! Nou ka kwaze fanm lan ak makak la epi ak chenpanze a, e apre sa fè kontrè a, kwaze yon nonm ak chenpanze.” Sa p ap mache. Kwaze l avèk nenpòt lòt bèt la; sa p ap mache. San an p ap melanje; pran san pa w, li konplètman diferan de san, yo tout ansanm.

<sup>153</sup> Gen yon san nan mitan la, e yo pa ka jwenn bèt la. O, Alelouya, mwen santi m relijye kounye a la. Remake. Poukisa? Bondye te kache sa de yo. Pa gen yon zo nan yon koulèv ki sanble ak yon zo imen. Li te sere bagay la tèlman lwen ke moun ki bryan pat ka dekouvri l.

<sup>154</sup> E mwen pral montre w ki kote nonm bryan sa soti, ki kote—ki kote l ye, malgretou. Ou wè, li pa ka vini atravè sa.

<sup>155</sup> Sa dwe vini pa revelasyon, “Ou se Kris la, Pitit . . .” “Sou wòch sa Mwen va bati Legliz Mwen; e pòt lanfè pa ka pote viktwa sou li,” revelasyon espirityèl. Kouman—kouman Abèl te fè konnen pou l ofri yon ayo, olye de Kayen ki te ofri fwi ki sot nan chan yo? Sa te revele espirityèlman pou li. Ou pa jwenn li nan semine. Ou pa jwenn li atravè denominasyon. Ou jwenn li sot nan Syèl.

<sup>156</sup> Bon obsève sèpan an, sèpan sa ki te an premye a. Annou dekri yon imaj li kounye a. Li se yon gwo gwo bonòm. Li ant chenpanze e lòm. E, sèpan an; dyab la, Lisifè, li te konnen ke se te sèl san ki te ka melanje avèk san imen sa a, sèl moun li te ka trete avè l. Li pat ka trete avèk chenpanze a, san sa pa tap ka melanje. Li pat ka trete avèk bagay ki diferan. Li pat ka trete avèk brebi a. Li pat ka trete avèk on cheval. Li pat ka trete avèk okenn bèt; li te dwe trete avèk sèpan sa a.

<sup>157</sup> Annou pran l kounye a pou wè a kisa l sanble. Li se yon gwo gwo bonòm, on jeyan pre istorik. Se la ke yo jwenn gwo tonton zo sa yo, e mwen pral montre w sa nan Bib la. Bon obsève byen. Dakò. Gwo gwo bonòm sa a, annou di li—li te di pye otè, ak gwo zèpòl laj; li te jis sanble ak yon nonm. E san pa l, apre yo te

akouple bèt yo youn ak lòt, nou te arive nan bout la; nou ka kwaze bèt yo; e sa te kontinye ap bay san siperyè, fòm vi pi siperyè, fòm pi siperyè, jiskaske li te atenn domèn lòm. Men dènye koneksyon an la, ant isit la, te koupe. Konbyen moun ki konnen ke lasyans pa ka jwenn mayon ki manke a? Nou tout konn sa. Poukisa? Men li, sèpan an. Men li ki te la, yon gwo gwo bonòm.

E dyab la te desann, kounye a, li di: “Mwen ka enspire.”

<sup>158</sup> Bon, lè w pati pou ap gade medam yo ak zak yo, sonje, ou wenn avèk dyab la (si se pa pwòp madanm ou).

<sup>159</sup> Remake, kounye a, dyab la te desann e li te antre nan sèpan an. E li te jwenn Èv nan jaden Edenn lan, toutouni, e li te pale de fwi ki nan mitan an. *Mitan* an vle di “o milye,” elatriye; nou konprann, nou nan yon kongregasyon mik. E li te di: “Bon, sa bay plezi. Se byen pou je.” Kisa l te fè? Li te kòmanse ap fè lanmou avèk Èv, e li te kouche avè l, tankou yon mari.

<sup>160</sup> E li te wè sa te bay plezi, kifè li t al di mari l, men li te deja ansent, pou Satan.

<sup>161</sup> E li t ap pote premye pitit li, ki te rele Kayen, pitit Satan an.

“Kounye a,” ou va di, “sa fo.”

<sup>162</sup> Dakò, nou pral dekouvri si se fo ou pa. “E m va mete dezinyon ant Semans ou e semans sèpan an.” Kisa? Semans sèpan an! Manzé te gen on Semans, e li te gen yon semans. “E Li va kraze tèt ou, e ou va blese talon L.” E on *blesi*, la, vle di “fè yon Ekspyasyon.” Kounye a men “semans” sèpan w lan.

Bon, remake, men de nonm sa yo ki te parèt la.

<sup>163</sup> Bon, sèpan sa, kan li te kanpe la, gwo gwo jeyan bonòm sa te kanpe la, li te koupab poutèt li te komèt adiltè avèk madanm Adan. Ki kote peche tabli jodi a? Kisa ki rann bagay yo jan yo ye jodi a? Bon, Mwen—mwen . . . Sètènman ou ka sezi sa m ap pale de li la. E men li ki te la.

E lè li te fè sa, Bondye te di, te kòmanse ap rele Èv ak Adan.

E li te di: “Mwen toutouni.”

E Li te di: “Kimoun ki te di w ou toutouni?”

<sup>164</sup> Apre sa yo te kòmanse, menm jan ak nan lame, mete fòt la sou lòt la. Li te di: “Ebyen, fanm lan Ou te ban mwen an, te fè sa. Se limenm ki te konvenk mwen.”

<sup>165</sup> Epi limenm te di: “Sèpan an te ban m on pòm”? Annou wè, predikatè, antre nan bon sans ou.

<sup>166</sup> Li di: “Sèpan an te sedwi m.” Èske w konn sa *sedwi* vle di? Sa vle di “souye.” La . . . li . . . s . . . dyab la pat janm te ba l yon pòm. “Sèpan an te sedwi m.”

E alò malediksyon an te vini.

167 Li te di: “Poutèt ou te tande sèpan an olye de mari w, ou te fè Lavi soti kite mond lan. E ou va—ou va miltipliye tritès ou yo; e dezi w va pou mari w,” elatriye.

168 “E poutèt ou te tande madanm ou, olye de Mwen (Mwen te pran w soti nan pousyè; espès ki pi elve a), ou va retounen nan pousyè ankò.”

169 “E, sèpan, poutèt ou te fè sa, janm ou yo va disparèt. Ou va ranpe sou vant ou, tout jou w ap vi v yo. E yo va deteste w. E ou va manje pousyè tè a.” Men ni. Men mayon sa ki manke a.

170 Kounye a men Kayen k ap vini. Ann obsève nati yo. Men Kayen k ap vini. Kisa li ye? Li se yon biznismann entèlijan. L ap kiltive chan yo. Briyan, entèlijan; relijye, trè relijye; siveye pa li—siveye atribi pa li yo kounye a. Jis avanse avè m pandan jis kèk minit an plis.

171 Men li k ap monte. Li konnen li gen moralite. Li vle al legliz. Li konstwi yon legliz, li prepare yon ofrann. Li te mennen on lotèl, ak tout lòt bagay. Li te bati on lotèl, li te mete flè l yo sou li. Li te plase chan an . . . fwi chan an, te ofri l bay Bondye. Li te di: “Men Ou la, Seyè. Mwen konnen nou te manje pòm, se sa ki te lakoz.” Kèk nan desandan l yo te gen menm jan de ide a. Sa montre kote l soti. Li te antre ak pòm li yo, ke l te pran nan chan an, li te layite yo la, pou di: “Sa pral sèvi pou yon ekspyasyon.”

Bondye te di: “Se pat pòm.”

172 Men, pa revelasyon espiritiyèl, Abèl te konnen se te san. Kifè li te pote yon ayo, li te tranche gòj li, e li te mourri.

173 E Bondye te di: “Se bon. Se sa ki te lakoz. Se te san.” Nou konn de ki san m ap pale. Dakò. “Se te san ki te fè sa.”

174 Bon obsève. E apre sa kan Kayen te wè ke frè eksite l la te aksepte devan Bondye, avèk siy ak mèvèy ki t ap fèt anba la, li te vin jalou de li. Li te di: “Nou pral rete vye tenten sa kounye a menm.” Gade frè l yo, gade pitit li yo, jounen jodi a. “Bon, m pi briyan ke li,” kifè li te fache. Ki kote *kòlè* soti? Èske w ka di ke *kòlè* a . . . ? Li te touye frè l. Li te yon asasen.

175 Èske w ta ka rele Bondye yon asasen? E Adan te pitit Bondye. Bib la di, ke, “Adan se te pitit Bondye,” kòmansman vyèj sa laba. Adan se te pitit Bondye. E jalouzi ak anvi sa, ak tout lòt bagay, pat ka soti de kouran vyèj sa.

176 Sa te dwe vini de yon lòt kote. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] E sa te vin de Satan, ki te yon asasen, pou kòmanse. Bib la di: “Li te on mantè e on asasen, pou kòmanse.” E men ni. E li te touye frè l la.

177 E sa se te yon tip lanmò Kris. Apre sa, apati de sa, natirèlman, Li te sisite Seth pou pran plas li. Lanmò, antèman, ak rezirèksyon Kris.

178 Epi obsève, apre sa, men jeyan w yo k ap vini. Alò Kayen te ale nan peyi Nòd. Si papa l te yon gwo gwo bonòm jeyan, a kisa Kayen ta dwe sanble? Ak papa l. E li te ale nan peyi Nòd la, e li te pran youn nan sè l yo.

179 Se sèl posibilite li te genyen. Pat gen okenn femèl ki te ka egziste, ke sèlman atravè Èv. Yo pretann ke yo te gen swasant dis pitit gason ak pitit fi. Si—si pat gen okenn femèl . . . Bib la pa anrejistre fi lè yo fèt, se jis gason. E kan, si pat gen okenn femèl ankò ke Èv, kan l te mouri, ras imen an t ap sispann egziste. Li te oblije gen pitit fi. E li te oblije marye ak pwòp sè l.

180 Li te ale nan peyi Nòd la e li te pran—e li te pran madanm li. E lè li te marye avè l la, men kote yo te jwenn gwo gwo jeyan sa yo, ki te pitit gason Bondye ki te chite yo; ki te vini atravè papa yo, dyab la, atravè Kayen. Men mayon w lan ki manke a.

181 E obsève semans sèpan an. Obsève kounye a. Sonje, semans sèpan an relijye. Obsève l ki kòmanse ap bouje kounye a, pandan kèk minit. Men ni, semans sèpan an. Kisa k te rive yo? Bon kite m jis li on bagay la, m te jis ekri l apre midi a.

182 Kisa k te soti atravè liye Abèl? Tande sa. Dakò. Abèl te vini. Apre Abèl Sèth te vini. Apre Sèth Noye te vini. Apre Noye Shèm te vini. Apre Shèm Abraham te vini. Apre Abraham Izarak te vini. Apre Izarak Jakòb te vini. Apre Jakòb Jida te vini. Apre Jida David te vini. Apre David Kris, pèfeksyon an, te vini.

183 Obsève byen lwen laba kouman Lespri Bondye te viv nan Abèl. Gade kouman Li te viv nan Sèth. Gade kouman Li te viv nan Jida. Gade kouman Li te viv nan David. Gade menm Espri a k ap rele, atravè semans jis sa, soti nan yon bout rive nan yon lòt. Pe enpòt sa yo te fè, yo te predestine.

184 Gade Jakòb, yon pouri . . . M pa di sa yon fason sakrilèj. Men Jakòb, on ti mètadam, ki te toujou kwoke nan ke rad manman l tout tan; pral tout kote, on ti bonòm fifi. Li mete bagay degizman sou li, li te ale epi li twonpe papa l, pou l te gen benediksyon an; men yo te ba li l anvan fondasyon mond lan. Sèten, yo te ba li l.

185 Li te ale la epi li te bay bòpè l manti; epi li te pran kèk branch ki gen tach, branch pepliye, ke l te mete nan dlo, pou fè betay la pè lè yo te ansent; pou te fè yo akouche twoupo ki te gen tach, konsa li te ka triche pou l te gen betay sa yo. Bondye te beni l nan sa. Se vre.

186 Malè a moun ki va di on bagay sou Jakòb. Ou konnen kisa—ou konnen kisa fo pwofèt la te di . . . Ou pito, li t ap pwofetize laverite. Balaram, li te di: “Nenpòt moun ki beni li va beni, e nenpòt moun ki modi li va modi.”

187 “Jakòb, Mwen te pran w. Mwen te jwenn li tankou on . . . tankou nan yon peyi etranje. E menm jan èg la etann kouve l la, konsa M te etann li epi pran l pou fè l soti.” Alelouya! “Non pa pouvwa, non pa pwisans, men pa Lespri M, Seyè a di.”

188 Obsève jan sa te desann pou atenn pèfeksyon sa. Espri sa te desann jouk nan pèfeksyon an nan Kris, pase pa chak Patriyach yo, pou rive la menm. Pe enpòt sa yo te fè a, sa yo te di a, sa yo te fè a, yo te absoliman semans sa ki jis la.

189 Epi, la, lè Abraham jis la . . . Glwa! O, m jis santi m vrèman byen. Kan Abraham jis la te rankontre Mèlkisedèk, Ki te Bondye Limenm!

190 Kilès Mèlkisedèk te ye? “Wa Salèm, ki vle di Wa Jerizalèm, Wa lapè. Li pat gen okenn papa. Li pat gen okenn manman. Li pat janm te gen on kòmansman, oswa yon fen nan lavi.” Kèlkeswa Moun Li ye a, L ap viv ankò. “Li pat janm te fèt. Li p ap janm mouri. Li pat janm gen ni papa ni manman. Li pat janm te gen on kòmansman, oubyen yon fen nan lavi.” Di m Kilès sa te ye. Bondye Etènèl la; nan sa nou rele yon . . .

191 O, m jis bliye kijan nou rele sa kounye a. Teyofani, se konsa sa rele. Jis tankou nan . . . Pa yon mit; men poutan se jis yon bagay ki manifeste. Jan Li te al kot Abraham nan tant lan anwo la, tankou yon anj, epi Li te pwofetize, pou te di Sara ke l te ri, dèyè do L, elatriye. Bagay la, se menm bagay.

192 Epi men Li ki te la. Li te rankontre Mèlkisedèk. E gran . . . gran gran papa Abraham, nan semans ki jis la, te peye dim bay Mèlkisedèk; e sa te benefisye aryè aryè aryè pitit li desann rive la, semans jis la.

193 Bon la semans sèpan an—an te vini. Kounye a, sonje, va gen inimitye, lagè ant yo.

194 Semans sèpan an te vini, e kisa l pwodwi? Bon ann pran kèk premye ane yo. Kounye a obsève sa k te rive la. Nou pral li l drèt la, paske m fèk sot verifye l. Semans sèpan an te pwodwi Kayen. Kayen te al nan peyi Nòd la, li te pwodwi jeyan, e apre sa yo te vin nan peyi Noye a.

195 Yo te moun briyan, edike, entèlijan. Èske se vre? Yo te konstriktè, envantè, savan; pa atravè semans jis la, men atravè semans Satan, sèpan an. Yo te dezòm tankou—tankou syantifik, ak konstriktè, epi de granzòm, edikatè. Lekriti di sa. Yo te konn transfòme kwiv. Yo te konn travay fè. Yo te konn transfòme metal. Yo te envante bagay. Yo te konn travay diferan tip metal, pou bati kay, elatriye. Lekriti di sa. E yo te konn moke Semans fanm lan, Noye, nonm jis la. Èske se vre?

196 Ann swiv yo on tijan pi lwen. Apre sa, nou te jwenn yo anwo a nan ach la, tout bagay te detwi. Sa te rive nan yon tèl akimilasyon peche, e yo te etabli règ yo, briyan epi entèlijan. Jouk, Bondye te gade anba, pat gen anpil ki te rete, kifè Li te jis pran Noye ak fanmi l nan ach la, e Li te fè lapli tonbe pou detwi tout bagay la nèt. Li te anlve Enòk, anvan. Se vre? Tè gen tout semans yo, prèske tout semans yo; men Li te detèmine pou sa te akonpli.

197 Bon, Noye ak pitit li yo, ki te soti a, Kam, Sèm, ak Jafè, te soti nan liye jis la.

198 Kouman semans lan te fè janm ka travèse? Semans lan te reyisi antre nan ach la, jis tankou l te fè nan kòmansman an, atravè fanm lan, atravè madanm yo. Yo te pote semans Satan, nan ach la, jis tankou Èv te pote semans Satan an, pou l te akouche Kayen, atravè fanm lan.

199 Ou mete fanm sa yo sou chè w kòm predikatè, Bib la kondane sa! Pòl di: “Si on nonm panse limenm ke li se yon pwofèt, oswa li menm esprirityèl, ke l rekonèt ke sa m ekri la se kòmmandman Seyè a; men si l vle rete inyoran, jis kite l rete inyoran.”

200 Se poutèt sa m te soti nan legliz Batis anba la. Frè Fleeman te la sa fè on ti tan; m panse l te la jou swa sa. Doktè Davis te di: “Monte kanpe la epi òdone fanm predikatè sa yo.”

M te di: “M p ap fè sa. Non, efektivman.”

Li te di: “Ebyen, m ap mete w deyò.”

201 M te di: “Yo te mete m deyò deja kote k pi bon ke isi a.” M te di: “Sa a se Pawòl Bondye, e Li kondane bagay la. E m paka akwoche m a sa Bondye kondane.” Non, mesye.

202 Kèlkeswa moun ki fè sa, sa montre yo se fo anseyan, fo pwofèt. Bib la te di va genyen. “Pou sedwi menm eli a si se te posib.” Men ni.

203 Remake sa kounye a. E apati de la, answit, vin gen Kam, Kam ak madanm li, ak lòt yo. Te gen on malediksyon ki te plase sou li. Apati de Kam ou jwenn Nimwod, ki te bati Babilòn. Apati de Babilòn ou jwenn legliz Katolik, ki se kòmansman sa. Sa te kontinye desann an pasan pa Akab. Sa te kontinye desann an pasan pa Akab, pou rive nan Jida Iskaryòt; pou te abouti, a antikris la.

204 E nan dènye jou sa yo, men espri antikris la epi Espri Kris la. Espri antikris la, ki ap di: “Jou mirak yo pase.” Lespri Kris, ki ap di: “Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.” Espri antikris la di: “Sa pa fè okenn diferans si w batize nan ‘Pè, Fis, Sentespri,’ si yo vide dlo sou ou, aspèje w, kèlkeswa sa l ye a, sa vle di menm bagay la.” Bib la di ke Bondye enfayib, e Li pa ka chanje. Kilès ou pral sèvi? Sa depann de ou.

205 Kounye a ou va di: “Èske yo ka rete ansanm? Ou te di, ke, la nan lach la, Frè Branham, ou te gen toulède la Kam ak Sèth.” Se vre, se egzaktman sa. Kam te malen. Sèth te relijye epi on moun jis. Dakò.

206 Annou swiv Kam. Dakò, bon, men Kam ak Sèth nan menm ach la; youn jis, e lòt la enjis. Te gen on kòbo ak on kolonb nan menm ach la. Te gen Jida epi Jezi nan menm legliz. Te gen antikris la epi Sentespri a nan menm legliz.



207 E, jodi a, menm espri yo ap opere. “Ap pran on fòm pyete, trè relijye, men ap pran on fòm pyete epi renye Pwisans lan; detounen w de on tèl bagay.” Sentespri a, ap reklame ke “Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Sou ki bò ou va panche?

208 Antikris la di ke *Sa a* se jis on liv kredo. “Nou va repete Kredo Apot yo.” Mwen lanse defi bay nenpòt predikatè pou di m ki kote w jwenn Kredo Apot nan Bib la: “Mwen kwè nan Bondye, Papa Toupwisan an, Kreyatè syèl la ak tè a; Jezikri, Pitit Li. Mwen kwè nan Sent Legliz Katolik Women an, nan kominyon sen yo.” Ki kote w jwenn sa nan Bib la? E poutan n ap repete l nan gwo legliz Metodis ak Batis nou yo. Se on doktrin dyab la, e fo pwofèt yo ap anseye l.

209 E m espere m pa blese santiman nou, men m vle fè tabènak la konprann sa. Nou menm ki la nan Branham Tabènak la, pran distans nou ak on tèl bagay. Tout sa ki kwè nan kominyon avèk sen se espiritis. “Gen on sèl medyatè ant Bondye e lèzòm, se Jezikri Òm.” M pa bezwen konnen kantite Mari yo genyen!

210 Ou wè sa semans fanm sa byen lwen laba te fè? Ou wè kouman semans fanm lan te vwayaje vin la?

211 Gade jodi a, an Amerik. Lamerik se semans dyab la. Kisa sa ye? Li se on nasyon fanm. Ou te konn tandè ke, “Se on mond pou fanm.” Se vre. Se on nasyon fanm. Yo tabli modèl la.

212 M te al lòtbò la, sa pa fè lontan, an Swis. Fanm yo t ap di . . . On ti bout fanm, ak Sentespri a te di: “Ou konnen, si m al laba an Amerik, yo di ke fanm yo gen libète yo.”

213 M te di: “Pèmèt mwen di w a kisa sa ap abouti.” E m te kòmanse di l.

Li te di: “O, gras lamizèrikòd, m pa vle anyen de sa.”

M te di: “Se la sa ap kondwi.”

Ou konnen, yo pa fè bagay yo la tankou yo fè l isit la.

214 Kisa sa ye? Pèmèt mwen montre w ke Lamerik se on fanm. Sou pyès monnen nou yo se foto on fanm. Tout bagay anndan la se fanm.

215 Di mwen, pa gen ase kote y ap koule bweson nan peyi a, t ap gen . . . Mete karant kote y ap koule bweson nan vil sa, epi mete twa pwostitiye, fanm ak bèl aparans ki ap brase kò yo ap desann nan lari a; yo va voye plis nanm nan lanfè, ki ap konvwate yo, ke tout kote y ap koule bweson ou te kab mete nan vil la. Se egzakteman sa.

216 Kilès sa ye alò? Se fanm. Kisa li ye? Li se dye Lamerik.

217 Yo pran kèk nan vye aktè sinema sa yo; yo leve la epi yo marye kat oswa senk fwa, y ap viv avèk twa ou kat diferan mari an menm tan; epi kèk nan magazin sa yo ki ap ekspoze epi prezante yo, ap pran foto yo toutouni deyò la. E nou menm ti jenn fi n ap pran sa pou egzanp, (poukisa?) akòz manman w anvan w, petèt,

grann ou anvan w. Ou wè ki kote semans sèpan sa ap opere? Sètènman, se sa.

<sup>218</sup> E kisa l te fè? Si inikite dwe vizite jiska katòzyèm jenerasyon, sou lalwa, kisa inikite pral ye si yo vizite l nan jou sa, alòske semans jistis la apeprè absan? E Bondye te di va gen on tan ki va rive, ke si Li pat rakousi travay la, pa tap gen anyen ki t ap rete. Nou nan tan lafen. Al chache moun jis yo aswè a; ale atravè vil yo!

<sup>219</sup> O, ou jwenn manm legliz jis byen fidèl a Batis, Presbiteryen, elatriye, ke sa posib. Men yo pa plis annafè ak Bondye ke yon lapen ta gen pou l mete soulye pou nèj. Yo pa konn anyen sou Sa! Tout sa yo konnen: “Èske w se Kreyen?”

“M se Katolik.”

“Èske w se yon Kreyen?”

“M se Batis.”

“Èske w se yon Kreyen?”

“M se Presbiteryen.”

“Èske w se yon Kreyen?”

“M se Pannkotis.” Sa pa gen anyen pou l wè avèk Sa.

<sup>220</sup> Ou se yon Kreyen paske Bondye, pa gras Li, sove w. E ou konsyan de Sa. E on bagay te chanje vi w, ki fè w viv diferan. E ou se on nouvo moun e on nouvo kreyati nan Kris Jezi. Sètènman.

<sup>221</sup> Men èske w wè ki kote semans sèpan an ye? Kisa semans sèpan an te ye? Adiltè. W ap swiv? Adiltè ak Èv. Sa k te rive poutèt sa? Kisa ki te mennen sa? Kisa sa ye aswè a?

<sup>222</sup> Gade byen lwen dèyè, kèk ane de sa, kan premye chan an te soti. Nou menm moun pi aje yo, kan . . . Yo te konn abitye sansire chante anvan yo te konn kite yo chante nan radyo. Epi premye ki te soti, se te sa, “Woule yo, jenn fi yo, woule yo, pou montre bèl janm nou yo,” ak tout bagay konsa. “Ri papa nou ak manman nou, epi ba yo tout yon griyen dan ‘ha-ha-ha!’” Sa se premye yo te kite pase. Ki kote w panse nonm ki te ekri chante sa ye aswè a? Li mouri.

<sup>223</sup> Kisa w panse de Clara Bow, ki te soti an premye e ki te pale de *Koub danjere yo*, epi espektak toutouni ki te voye dè milye nanm nan lanfè a? Ki kote w panse li ye aswè a? Sa fè trè lontan li te mouri. Ki kote l ye, ak kò sa li te genyen an? Li blayi lwen laba, ap pouri nan pousyè, epi vè yo ak astiko yo ap manje l. Epi nanm li blayi lwen laba a devan on Bondye jis.

<sup>224</sup> Kote nonm lan ki te pran fanm sa epi ki te fè vye rad sal sa yo ke y ap pote yo, k ap pouse fòm yo tout al nan yon direksyon ak yon lòt, epi sa pat menm fè yo? Li te di: “Poukisa yo te fè sa? Poukisa w pote jan de bagay sa yo?” Paske w vle ke gason gade w, e pa gen lòt fason pou pwouve l.

225 E èske w konnen ke lè w fè sa, epi on vye pechè vire gade w, ou konn kisa k rive? Jou Jijman an . . . Ou va di: “Frè Branham, mwen osi fidèl a mari m ke sa posib pou mwen.” Yo va deklare w koupab pou adiltè ou komèt. Jezi di: “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l te deja komèt adiltè avè l nan kè l.” Kan nonm sa dwe oblije reponn poutèt li te komèt adiltè, kilès ki pral sila ki te lakoz sa? Fason ou abiye w pou prezante pwòp tèt ou.

226 Bon, m pa vle di ke w oblije abiye tankou kèk lòt bagay ki sot nan on bwat antikite. Men, ou ka plis sanble ak yon dam.

227 E kanta pou soti la epi dezabiye, ak ti bout chòt byen kout, ak on ti riban toutotou l *konsa*, epi bebe w la ak jye l tankou on sandriye sigarèt, ak on sigarèt nan bouch ou, ap desann nan lari a. Ou p ap fè sa pou on bòn rezon. Petèt ou ka inosan de zak la, men dyab la ap itilize w kòm on enstriman tankou l te fè pou Èv.

228 Poukisa se on nasyon fanm? Paske l ap kondwi tou dwat nan dominasyon sistèm Katolik. Kisa sa ye jodi a? Ou pa janm tande yo mansyone Jezi. “Mari se pou w kontan! Mari, ou se manman Bondye! Sent Sesil!” Tout sòt de sen, sen ki mouri. Isit la sa pa fè lontan, laba nan . . .

229 M te Meksik, lane pase. Men on fanm pòv ki te vini, ap trennen. Jenou l yo, tout rache afòs yo trennen, epi plen kal; l ap kriye, epi li kenbe men l yo. E papa a t ap mache, ap pote de timoun, ki t ap kriye; manman an te tèlman ap soufri; paske on fanm, ke yo rele on sen, te mouri. Yo te mete estati li la sou kolin lan. Yon menaj li te touye l. E menm kote yo te fin touye l la konsa, natirèlman, li se on sen; li te Katolik. Kifè apre sa li ta prale, pou fè penitans; e li te oblije ap trennen rale plis ke 3 kilomèt, sou pave a, pou fè penitans.

230 Frè, si gen on sèl bagay ke m gen pou fè, Jezikri te mouri anven. Se pa Gras, mwen sove; se pa pa—pa mwen menm, men pa volonte Bondye, epi pa bonte Bondye.

231 Repòtè sa yo te mande m, yo te di: “Mesye Braham . . .” Ti bebe a—a, ki te mouri a te resisite, ak kèk lòt bagay la. Trant mil Katolik . . . Non, ekskize m. Se te ven mil. Trant mil se te an Afrik. Ven mil Katolik te resevwa Kris kòm Sovè pèsonèl yo, on sèl kou, lè sa te rive, m te kanpe nan Vil Meksiko. Epi prèt sa yo, yo pat ka di anyen; te gen twòp, sa te ka pwovoque yon revòlt. Te gen twòp on kote. Kifè li te di: “Mesye Branham, èske w kwè ke sen nou yo ka fè menm bagay ou fè yo?”

232 Paske m konn doktrin yo a, m te di: “Sèten, si yo vivan.” Ou wè? Kifè, ou pa ka on sen Katolik toutotan ou pa mouri, ou konnen.

Konsa li te di: “O, ou pa ka on sen si w pa mouri.”

233 M te di: “Ki kote w li sa? Pòl te di: ‘Pou sen yo ki Efèz,’ ak sila yo ke Bondye te rele. ‘Pou sen yo ki Efèz,’ li t ap li lèt li; e sen yo

te lòt kote, nan Galasi, e—e ‘sen ki te a Wòm yo,’ elatriye. *Sen yo, ‘sa ki sanktifye yo.’ Sa w ap fè ak sa?”*

234 Li te di: “Natirèlman, kounye a, nou pa sipoze gen pale anpil sou Bib la. Paske, nou se legliz, e se sa legliz di. Nou pa bay enpòtans a sa Bib la di. Se sa legliz di.” Li te di: “Kisa opinyon w ye alò de legliz Katolik?”

235 M te di: “M te swete ou pat mande m sa. Poutèt ou mande m, m pral di w Laverite.”

Li te di: “Ebyen, m vle w di m Laverite.”

M te di: “Se fòm espiritualis ki pi elve ke m konnen.”

Li te di: “Ki kote w jwenn sa?”

236 M te di: “Tout sa ki ap entèsede ak mò se espiritualis.” M te di: “Si sen sa reponn, alò li nan lanfè. Paske, sila yo ki travèse ale yo, Bib mwen—mwen an di ke li pa ka tounen.” Se vre. Epi m te di: “Si sa fèt, si li te on sen, se te dyab la ki t ap pale tankou on sen, e se pat on sen, apre tou.”

237 E li te di: “Ebyen, bon, jis on minit.” Li te di: “Ou entèsede ak mò, tou.”

M te di: “Ki kote?”

Li di: “Jezikri te mouri.”

238 M di: “Men Li te resisite. Li pa mouri. L ap viv, pou entèsede, e se sèl medyatè ant Bondye e lèzòm.”

239 “Mwen se Sila ki te mouri a e ki ap viv ankò, e ki vivan pou tout tan. Mwen posede kle lanmò ak lanfè.” “Nenpòt moun ki vle, ke l vin bwè gratis nan dlo Lavi a.” O la la! Sa se Bondye nou an. Sa se Bondye nou an.

240 E semans moun jis la prèske disparèt. Pale ak moun yo sou bagay sa yo. Pale ak moun yo sou zafè retounen nan fason Bib la. Pale ak moun yo konsènan mirak. Pale ak moun yo konsènan sa. “Legliz pa yo pa kwè Sa,” kifè yo se timoun ilejitim pou Bondye. Bib la di si nou pa ka sipòte pèsekisyon, ak eprè, mokri, pou y ap rele w “egzalte” elatriye, bagay konsa, si w pa ka sipòte l, ou se timoun ilejitim, e ou pa pitit Bondye. Bib la deklare sa.

241 Rele m “egzalte,” si w vle. Rele m tout sa w vle. Osi lontan kè m dwat ak Bondye, epi eksperyans mwen an an akò ak Bib la, M ap kontinye drèt nan menm direksyon sa. Wi, mesye. Se sa nou kwè. Sa se Legliz Bondye vivan an, ki pa vini avèk teyoloji. Li pa vini avèk on konsepsyon entèlektiyèl ke men lòt fè. Li vini absoliman avèk Verite revele a ke Jezikri se Pitit Bondye a.

242 Si m te gen sèlman jis on konsepsyon entèlektiyèl, poutèt legliz Batis oswa legliz Metodis te anseye m *tèl e tèl* bagay sa, kan m tande Bib sa, si Bib la . . . Si m te batize nan non “Pè, Fis, e Sentespri,” epi m li Bib sa, e on predikatè te di m ke pat gen pèsonn nan Bib la ki te janm batize lòt jan ke nan Non Jezikri, e

m te li l epi wè ke se te Laverite, m t ap sote nan dlo a pi vit ke m t ap kapab. Wi, mesye.

243 Si on moun te di m—ke Jezikri te on gran gerisè, epi legliz mwen te di m: “Jou mirak yo pase,” e m te gen on bezwen gerizon, M t ap kouri jis osi vit ke m ta kapab, al sou lotèl sa, pou m geri. Mwen t ap fè sa sèten.

244 Si m te on predikatè, e m te gen on—on fanm predikatè sou chè mwen, epi mwen li nan Bib sa e wè ke on fanm pa sipoze preche, M t ap retire l la, menm si sa t ap retire chay la sou do m.

245 Sonje, pandan m te chita, on swa, drèt deyè a kote Sè Wright ye la, ke yon fanm ta pral mete m deyò poutèt m te fè on bagay konsa. Wi, mesye. M te di: “Ou p ap vin nan legliz mwen an avèk vye. . .” Lè yo te konn abitye pote, oswa koupe rad yo desann jouk anba konsa, epi bagay biza pou gade sa, avèk apeprè mwayen nan kò yo ekspoze. M te di: “Yo p ap janm vin nan legliz mwen, M t ap mete yo deyò sèten.” E on vyep ti malen anba la, li te mouri pa lontan apre sa; e alò li te fè rele m, pandan li t ap mouri. Li te on jenn fi Katolik, li te monte la epi li te chita avèk bagay sa konsa. M te gade deyè e m t ap tcheke l, ki te chita la, e yo t ap chante. M te retire vès mwen, mache al deyè a la, pou m te mete l toutotou zepòl li. M te di: “Madam, si w vle tande m ap preche, èske w vle pote vès sa souple pandan w nan legliz Bondye a.” Ou wè? Sèten.

246 Li te frape pye l antan l te soti la, epi li monte ti bouch li. Li te soti deyò bilding lan. Li te di: “Si l gen yon relijyon, m pa tap kite bèf mwen antre nan jan de relijyon sa.”

M te di: “Pa enkyete w, li p ap jwenn li.”

247 Apre sa nou te gen tant lan, yo te rele m lè li t ap mouri. Li te fè on kriz kadyak, e li t ap mouri. Mari l te vini. Li di: “Si w kapab, vini vit!” E m te jis nan reyinyon an. On gwo, pyès gason, li te kanpe nan pòt la, ap tann mwen. E m te kouri. . .

248 M te monte nan machin mwen epi kouri la. Pandan m t ap monte, m te rankontre vye enfimyè sa deyò a la, ki abite laba nan Howard Park la, ankò. Li te di: “Reveran, li pa nesèsè pou w vini.” Sa fè apeprè ventan konsa, petèt on tikras pi plis. Li te di: “Li mouri.” Li te di: “Li mouri sa fè apeprè twa minit.” Li te di: “Li te rele osi rèd ke l te kapab, ap mande pou ou.” Li te di: “M gen on mesaj pou ou.”

M te di: “Kisa?”

249 Li te di: “Di predikatè sa, ke m te di sa sou li a, ‘Ekskize m souple.’”

250 M te desann la pou al gade l. Yon bèl dam; e li te soufri anpil. Li te gen ti tach wouj sou do nen l; on trè bèl dam. E tach wouj yo, te sanble, yo te soti. Epi je l yo te soti konplètman nan òbit yo, e yo te tounen a mwaye alanvè. Natirèlman, entesten l yo ak fwa l te deplase, e kim t ap soti monte sou tout kabann lan konsa.

251 E mari l te gade m, li te di: “Frè Branham, di on priyè, paske li te vle wè w.”

M te di: “On priyè pou li kounye a p ap sèvi a anyen.”

252 “Kote pwebwa a panche, se la l tonbe.” Ou wè? “Pa twonpe w; ou pa mòke w de Bondye. Sa on nonm seme, se sa l va rekòlte.”

253 Èske w wè kote sa ye? Kounye a sa k te rive? Gade yon fanm ki ta fè sa. Gade fanm yo ki t ap viv lontan laba, tifi ki t ap danse nan sal mizik, kisa pitit fi l te ye? On devègonde. Kisa pitit fi devègonde a ye? On ti adolesan k ap danse wòkennwòl. Kisa pitit pa l va ye? Hmm! Kisa sa ye?

Ou wè semans moun jis la?

254 Gade noumenm Batis. Retounen dèyè on ti tan de sa. Retounen nan tan John Smith, fondatè nou, noumenm Batis. Lè, li te priye pou inikite pèp la, jouk, li te kriye epi priye pou pèp la jouk je l te anfle fèmen, e madanm li te dwe mete ti dejene l nan bouch li lè l te bò tab la.

255 E nounmenm Methodis, bò isit la, avèk bijou nan nen nou ak nan zòrèy nou, e nou sanble tankou pat kannna pou dyab la; epi ap soti, ak chòt, ak bagay konsa! Lè, vye John Smith, youn nan ansyen legliz Methodis, anvan l te mouri a katreven senkan, te preche on ti mesaj tou kout de katran, ou pito katrè. Yo te oblije transpòte l pou mennen l sou chè a. E men dènye pawòl li. Li te di: “M tèlman estomake poutèt aksyon legliz Methodis.” Li te di: “Menm jenn fi legliz Methodis ap mete bag annò nan dwèt yo.” Kisa l t ap di kounye a, ak pote chòt, chante nan koral?

256 Nou t ap pwogrese byen. Kisa k te rive? N ap aji tankou manman nou. Se egzakteman sa.

257 Se poutèt rezon sa nou pa vle youn nan denominasyon sa yo nan viwonn sa a, pou ap fè gam la: “Nou se Methodis. Nou se Batis.” Nou jis pou Kris. Kite l fason sa, rete lib.

258 Bon, ou wè semans sèpan an? Kisa sa ta koute on fanm tankou sa k la kounye a? Kisa sa ta dwe fè? Kisa? Yo te kontinye, kontinye ap desann. Yo te repouse Batis yo, repouse Methodis yo, repouse Presbiteryen yo. Kisa yo te fè? Yo tout te retounen, tankou manman yo, vye pwostitye a. Men ki kote yo tout ye, ap komèt menm pwostitasyon an. “Ebyen, sa pa fè okenn diferans. Yo te plonje yo. Yo te aspèje yo. Yo, yo te vini, fè konfesyon yo. Yo te pase si mwa entèdiksiyon alkòl la; yo pat bwè twòp pandan peryòd sa, elatriye. Yo te fòme bon jan manb. Yo peye bon kòb nan . . .” O, la la! Sa pa gen anyen pou l wè avèk fwi Lespri a.

259 Fwi Lespri a se “lafwa,” pou kwè Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; “lanmou” pou frè; “lajwa, lapè, andirans, bonte, jantiyès, pasyans, dousè, tanperans.” Se bagay sa yo, ki fwi Lespri a.

260 Epi ann pran yon nonm: “Ebyen, l ap—l ap viv on bòn vi nan vwazinaj la.” Ezawou tou.

261 Ezawou pat janm fè pèsonn mal, e Ezawou te pou dyab la; men Jakòb, ki te sot nan menm zantray la, te pou Bondye. Semans dyab la; Semans fanm lan, kote Semans Bondye a te soti a.

262 Bon, ou wè, tout sa te abouti a sa a, a sa ki te rete nan mond lan jodi a? M pral di sa vrèman tou kri la, pou byen anfonse l, answit nou va kòmanse revèy la apre sa, nan pwochen reyinyon an. Sa dwe pran fòm. E, souple, m p ap di sa pou on sakrilèj. M p ap di sa pou mechanste. Sa rive nan on pwen, kote se yon gwo gwoup timoun bata relijye, ilejitim. Men kòmantè final mwen. Se egzaktèman a sa li rive. Nou konnen ke sa se laverite. Sa rive nan on pwen ke se on kesyon de asosye ak legliz epi vin manb legliz, “Avèk on sentete pou lafòm, pandan y ap renye Pwisans lan,” jouk sa vin on gwoup timoun bata relijye. Se egzaktèman sa li ye.

263 Ki pwochen bagay ki rete? Gen on misil ki pandye laba, anpil konsa, bonb ak kobal epi tout lòt bagay. Yo jis ap tann pou lè sa rive. E va gen on destriksyon ak dife, menm jan sa te fèt ak dlo a.

264 E, zanmi, kèlkeswa sa w ap fè, si w se on Kreyen epi w gen Bondye nan kè w, e ke w konnen ou pase de lanmò a Lavi, ou ta dwe moun ki pi kontan nan mond lan.

265 Kan Sentespri a nan ou . . . Kan Bib la di: “Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan”: denominasyon yo di: “Men nou kwè ke mirak yo se bagay pase”; Sentespri a di: “Amèn, Jezikri se menm lan ayè, e pou tout tan. Ke sa kapab konsa.”

266 Si Bib la di: “Repanti, epi batize nou chak nan Non Jezikri pou remisyon peche nou, nou va resevwa Sentespri a. Paske pwomès la se pou nou, e pou timoun nou yo, e pou moun lòt Nasyon yo, tout sa ki byen lwen yo, toutotan Bondye Seyè nou an . . .” (Toutotan Bondye Seyè nou an va rele, ou wè, pa toutotan Metodis ap rele, Batis ap rele, men toutotan Bondye Seyè nou an va rele, yo va resevwa Sentespri sa, epi batize nan Non Jezikri, se sa ke Bib la di): kan sa rive a oumenm, ou di, “Amèn!”

267 Legliz di: “O, sa pa fè okenn diferans.”

268 Men Sentespri sa nan ou va di “amèn” a Pawòl Li.

269 “Lòm p ap viv ak pen sèlman, men ak Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Men ni.

270 M ta renmen w montre m on sèl Ekriti kote sa te janm di se on pòm ki te kòmanse bagay k ap dewoule la. M ta renmen w montre m ke yo te manje pòm. M montre w kote Kayen te panse menm bagay la, epi kote semans li toujou panse menm bagay la.

271 Men revelasyon espiritiyèl Bondye pwouve, ak Bib la, ke se te relasyon seksyèl ant nonm lan ak fanm lan, ilegalman. Men ki kote jeyan w yo soti. Se la peche w la soti. Se la kowipsyon w la soti. Se a sa li abouti.

272 Bon remake nan tout sa—sa, gade, sèpan an—an te de fwa pi entelijan. Semans li te toujou de fwa pi entelijan. E m ta renmen

monte sou chè sa pou pran mikwo sa nan menm, epi tape pye m sou estrad la, pou ap di sa. E, jodi a, kote gwo entèlekyèl ou yo? Pastè w la ki t al anba dèyè anpil konesans entèlekyèl, e li te pran pozisyon l; li se pastè pi gwo legliz ki gen nan peyi a, elatriye tankou sa. Ki kote semans sèpan an kanpe? Nan plas ki gen moun briyan entèlijan konsa; gwo save, briyan konesè. Men ki kote l ye. Se la li tabli.

273 “Non pa pwisans, non pa pouvwa, men pa Lespri Mwen, Seyè a di.” Ou wè? Men ki kote ou . . .

274 Apre sa ou pran on ti frè ki te pozisyon anba la nan kwen an, ap rele jouk je l yo soti, e petèt nan pozisyon anba la ap frape on vye gita, pou ap di: “Frè, vini, chache Seyè a!”

275 Pastè a pase la, pou di: “Ha! M pa tap pèmèt kongregasyon m lan . . . Ebyen, m pa tap asosye m, pa tap kite . . . pa tap kite Liddy ak Johnny ak yomenm wè m nan viwonn on tèl plas tankou sa.” Se sa, semans demon an, w ap dirije w vè destinasyon Etènèl ou, de tout fason. Se vre. M te ka pran on lòt mo la, pou di “timoun bata,” e se jis apeprè kote sa rive. Paske, ou wè, ou . . .

276 “Pèsonn pa ka vin a Mwenmenm sòf si Papa M atire l. E tout sa ki vin a Mwenmenm, Mwen va resisite l nan dènye jou a. Pa gen anyen ki va pèdi. Mwen posede l. Mwen va gade l. Pèsonn pa ka rive, san Sa.”

277 Tout bagay repoze sou Li. Ou pa ka di: “M te fè yon bagay.” Se gras Bondye ki fè l nèt. Kifè, se pa anyen m fè. M pat janm te gen anyen pou m fè; oumenm tou, jamè. Ou pat janm merite on sèl bagay. Bondye te fè chak ti detay nan sa. Ou pat janm te bouje on ti dwèt pou on pati nan sa. Ou pat di: “Ebyen, m sot nan yon bon fanmi. M te fè *sesi*.” Sa pa gen anyen pou l wè ak sa. Bondye se Sila Ki te fè l; mizèrikòd Bondye.

278 Mwen ekskize m kounye a, li poko menm onzè, men m pral fini, kanmenm. Ou wè?

279 Konbyen moun ki konprann ke Bib la pale de bagay sa yo kòm kwa se Laverite? Noumenm moun Branham Tabènak yo, espesyalman. Bon, sa se jis apeprè yon sèzyèm nan sa nou anseye epi kwè. Men, sonje, sa se pou noumenm espektatè yo, m kapab di sa, nou menm ki pa vin isit la antan ke manb. Fason nou kwè sa, sè ke *Sa a* se Bib la, epi Bib la se Verite Bondye.

280 E nou kwè, ke, nan Ansyen Testaman, la, yo te gen on fason pou konnen kisa ki te verite e kisa ki pat verite.

281 Bon, nou tout konnen ke te gen lalwa ki te ekri. Konbyen moun ki konn sa? Lalwa, kòmandman yo—yo te nan ach la, elatriye; dakò, epi lalwa ki te aplike sou kòmandman yo. Sa te di: “Ou pa dwe komèt adiltè. Nenpòt moun ki komèt adiltè dwe lapide.” Ou wè? Sa se te kòmandman an—an ak lwa ki aplike sou kòmandman an. Bon, ach la te plase tankou *sa a*; kòmandman yo te anndan an, la, e lwa sou kòmandman yo te nan pòch ki



sou kote ach la. Si on nonm te vin la, te komèt adiltè; li te mete men l ladann pou wè kisa lalwa te di: “lapide l.” Yo te pran l mennen l dirèk deyò epi yo te lapide l. Se te lwa ki te aplike sou kòmandman an.

<sup>282</sup> Bon yo te gen de lòt fason pou yo te konnen. Sa pran toujou twa, pou on konfimasyon. Yo te gen on lòt fason pou konnen, e se te swa pa on pwofèt oswa on vwayan. Konbyen moun ki konn sa? “Si gen youn pami nou ki esprityèl, oswa pwofèt, Mwen Seyè a va revele M Mwenmenm a li nan sonj, epi pale avè l nan vizyon.” Se vre. Bon, li te youn k ap pwofetize.

<sup>283</sup> Bon, si on nonm ta vin nan viwonn lan, pou di: “O, Alélouya, m posede l! M ap pwofetize kounye a nan Non Seyè a. M gen revelasyon an.” Yo pat kite sa ale konsa, tankou noumenm moun yo ap fè a. Yo te egzamine sa dapre Bondye, dabò.

<sup>284</sup> Bon, sou pektoral Arawon an yo te gen sa ke yo te rele Urim Thummim lan. Konbyen moun ki te janm tandè mo sa? Kisa sa te ye? Se te douz pyè yo, sis chak kote, yo te vin de douz patriyach yo; jasp, pou Jida, elatriye, e ensideswit, douz pyè yo. E apre sa yo te konn pran pwofèt sa, oswa revè sa, e yo te konn pandye pektoral sa, epi yo te fè l kanpe devan l. E yo te konn di: “Kounye a pwofetize epi di nou pwofesi w la.”

“Seyè a te pale avè m e Li te di tèl—tèl bagay.”

<sup>285</sup> Pe enpòt jan sa te sanble reyèl, sa te ka gen lè tankou se jis pafètman laverite; men si limyè sa yo pat vini ansanm pou fè on koulè akansyèl travèse la sou Urim Thummim lan, limyè sa yo k ap melanjè ansanm, pou ap opere sinatirèl la, pou ap konfime. Ou wè, Bondye toujou konfime Pawòl Li. Ou wè? E limyè sinatirèl sa yo pat kliyote sou sa la, alò m pa fè ka kouman sa te sanble reyèl, li te fo.

<sup>286</sup> Si on revè te di: “M te fè on rèv, e rèv sa di, ke ‘Izrayèl dwe deplase pou al tèl kote, paske Siryen yo pral antre bò kote sa a pou okipe l.’” Yo te konn mennen revè sa laba; li te konn di sonj li an. Si limyè sa yo pat kliyote tout kote la, li te fo, pe enpòt kouman . . . Si Siryen yo te deja antre nan batay laba, li te fo. Non, mesye. Yo, absoliman, sa te dwe pwouve pa Urim Thummim lan.

<sup>287</sup> Bon tout moun konnen ke ansyen sasèdòs la te fini, te aboli, e Urim Thummim lan te disparèt avè l. Nou konn sa, se pa vre?

<sup>288</sup> E nouvo sasèdòs la te vini. Se kisa? Èske nou gen on Urim Thummim jodi a? Wi, mesye. Pawòl Bondye a! Wi, mesye. Sa a se li. Si on nonm gen nenpòt sòt de revelasyon an, oswa li rakonte nenpòt bagay la, oswa nenpòt doktrin lan ki pa konfòm epi ko- . . . epi konpare ak Bib sa, atravè Lekriti tout antye, li fo. M pa fè ka de ki denominasyon li fè pati, kouman li bon, kouman li briyan, kouman li edike; li fo.

<sup>289</sup> E kan yon nonm di w bagay sa yo, ke nou anseye isit la nan legliz la kounye a, epi di w, ke, “Si w aspèje, se kòrèk,” li ba w

on manti. Sa p ap briye sou Urim Thummim lan. Kan l di w, ke, “Vide dlo se kòrèk,” li ba w on manti. Li di w: “Batize nan non ‘Pè, Fis, Sentespri,’ se kòrèk,” li ba w on manti. Si l di w: “Jou mirak yo pase,” li ba w on manti. Si li di w: “Se kòrèk pou fanm preche,” li ba w on manti. Si li di w: “Se kòrèk pou w kontinye epi rete ak denominasyon w,” li ba w on manti. Sa p ap briye sou Urim Thummim lan. E dè douzèn de bagay ki te soti, nan vye “MANMAN PWOSTITYE,” sa e ki te rive la, e se poutèt sa nou rete lwen denominasyon.

<sup>290</sup> Nou renmen frè ak sè nou yo ki nan denominasyon sa yo. Men piga w a p mache, di: “M se Metodis,” pou w konprann ou se on Kreyen, pou mwen. Ou se on Kreyen poutèt ou ne ak Lespri Bondye. Ou pa oblije Metodis oswa Batis. Ou pa oblije okenn nan yo. Ou jis bezwen ne ak Lespri Bondye. Èske w kwè sa?

<sup>291</sup> Sou baz sa, si on moun isit la ta vle kolabore pou vin fè pati de kominyon adorasyon sa, epi ta vle—ta vle plonje, batize nan Non Jezikri, men pisin lan. Yo pral fè batèm, jis nan on minit.

<sup>292</sup> Si gen youn, kèk moun isit la, on moun ki ta vle vini, yon lòt fason? Nou la. Se kòrèk.

<sup>293</sup> Bon, nou—nou pa gen okenn kat manb; ou jis vin isi a nan legliz sa. Nou kwè ke Kris nan legliz Metodis, legliz Batis, legliz Presbiteryen. Li gen manb nan chak ladan yo. E sa k manke, jodi a; se fo pwofesi k ap fè bagay sa yo soti, ansèyman legliz sa yo, sa ki absoliman kontrè ak Bib la.

<sup>294</sup> Bon, si on moun te rann Sa klè pou mwen, se sèten m t ap mande tèt mwen . . . M kwè m gen ase Lespri Bondye nan mwen, pou m sonde Bib sa epi vin mete sa annòd. Si m ta jis avanse pou bay predikatè a lanmen, epi mete non m nan liv la, epi toujou gen rayisman ak malis nan kè m, epi toujou gen jalouzi ak diskisyon, epi toujou pa kwè Jezikri se gran Gerisè a, elatriye konsa, M ta prale pou met sa an règ avèk Bondye, prese prese. M kwè sèten m t ap fè l. Mwen—M t ap onèt konsènan sa. M ta pral mete m annòd avèk Bondye. Si m ta jis ap akwoche m poutèt m se Batis oswa Metodis, m t ap chache Kreyente met nan kè mwen. M t ap fè sa. Wi, mesye.

<sup>295</sup> Bon sonje revèy k ap vin la, ke nou pral kòmanse a, si Seyè a vle, mèkredi swa k ap vin la. Se sou baz sa yo.

<sup>296</sup> Tande, zanmi, gen on vrè Bondye vivan. Se vre. Jezikri se Pitit Bondye a. Sentespri a nan Legliz jodi a.

<sup>297</sup> Bon, si m te jis gen on moun ki te di m sa, m t ap gen dwa doute l. Men, tandè. Yon jou byen lwen, pandan m te on ti gason, m te kanpe anba yon pyebwa; mwen te wè L. Mwen te tandè L. Li te di m: “Rete lwen fanm ensanse sa yo. Rete lwen sigarèt. Rete lwen zafè sèman, bweson, ak tout bagay sa yo. Mwen gen on travay pou ou pou w fè lè w va vin pi gran.” M konnen Li se on vrè Bondye vivan ki an akò ak Pawòl Li.

298 Lè m te vin on tijan pi gran, ala Li te rankontre m, se pa tikras pale Li te pale avè m! Jan mwen te wè L byen lwen laba, tankou nan bwison adan an, epi Dife sa t ap vire byen lwen laba! Jan mwen te wè l ap pale pou jis di egzakteman sa k ta pral rive; e, chak fwa, sa te frape pafè jis jan sa te posib, pafè konsa.

299 Menm Sila ki di bagay sa yo pafè konsa, se menm Sila Ki enspire m pou anseye Bib sa jis fason mwen anseye L la. Se vre. Kifè, Sa vin de Bondye. Pou mwen, se Bondye Toupwisan an, e Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.

300 Jezi di, “M vin de Papa e M va tounen a Papa a.” Kan L te vini . . .

301 Kan L te Bondye nan dèzè a, Li te yon Limyè ki t ap brile. E konbyen moun ki konn sa? Li te yon Limyè ki t ap brile, Kolòn Dife a.

302 E Li te vin isit la sou latè, e Li te di: “Mwen vin de Papa, e M pral . . . Mwen vin de Bondye, e M pral tounen jwenn Bondye.”

303 Lè L te mourri, antere, resisite, e Pòl te rankontre L ankò sou wout ki mennen Damas la, kisa L te ye? Toujou on Kolòn Dife. Wi, mesye.

304 Kisa L te fè lè L te isi sou tè a? Kisa L te fè lè L te rankontre Pòl? Kouman L te voye l? Li te voye l jwenn on pwofèt ki te di l kouman pou l batize, ki te di l sa pou l te fè; ki te enpoze l lèmen, ki te di l li te gen on vizyon.

305 Menm Jezi sa isi a jodi a, ap fè menm bagay yo, e ki toujou menm Kolòn Dife a, ap anseye menm bagay la, e ap konfime l pa Pawòl Li, ak siy epi bèl mèvèy. M tèlman kontan ke m se on Kreyten, m pa konn sa pou m fè. Mwen kontan ke w se on Kreyten.

306 E oumenm, tabènak isi a, m te di w nou ta pral chanje non bagay sa. Se pa jis pou rele l Branham Tabernacle. Sa se jis yon nonm, ou wè. Nou pral chanje non sa, pou rele l on lòt non. Nou va retounen sou sa, apre on ti tan. M jis vle pou l on—on legliz pou Bondye vivan an. M pa vle l vin Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis. Mwen . . .

307 Tout moun sa yo, m renmen yo ak tout kè m. M pa konn kilès ki kilès. M pa ka di w. M dwe jis preche Pawòl la. M lanse filè a epi m tire l. Genyen grenouy, epi gen areye lanmè, epi gen sèpan, e gen kèk pwason, tou. Se biznis Bondye pou deside sa. M jis tire filè a, jis preche Pawòl la epi tire l, pou di: “Men yo, Seyè, toutotou lotèl la. Ou konnen sa k pou Ou yo; Ou konnen yo depi fondasyon an. M pa konn kilès ki kilès. Ou menm Ou konnen, konsa se biznis Ou, Seyè. Se lemye m ka fè. M va al laba epi fè lapèch ak yon sèn on lòt kote kounye a, epi fè on lòt gwoup antre. Se tou sa m ka fè.” Dakò.

O, m santi tankou m ap vwayaje,  
 M santi tankou m ap vwayaje;  
 Demè Selès mwen an ap briye byen bèl,  
 M santi tankou m ap vwayaje.

308 Bon sonje, nenpòt moun ki vle pran randevou, jis rele Mesye Mercier la: BUtler 2-1519, [Nimewo telefòn lan te chanje.—Editè a.] Nou va kontan wè w. Si byenneme pa w yo te reyisi antre, ou dwe fè vit pou soti pandan moman revèy la. . . Bon, apati de aswè a, m pral pati pou kont mwen, e m pral absan pou de jou, la, pou kont mwen.

309 M fèk antre la pou al etidye konsa, “Seyè, Ou toupren mwen. M konnen Ou isi a. E Pawòl Ou a di ke Ou va apwòche W de sa yo ki va apwoche W.” M kontinye ap priye ap veye jiskaske m va wè Kolòn Dife sa ki kòmanse ap bouje. Alò m va konnen sa prè. Alò m va mache sou estrad la pou sèvis gerizon an, pou priye, e pou fè sa m kapab pou ede malad ak aflije yo.

310 Nou apresye tout jantiyès nou kounye a. E kan nou vini, vini ak kwayans, epi epi n ap atann nou a on gwo reyinyon. M vle di ke. . .

311 Èske Frè Jeffries, isit la aswè a? Nou vle temwaye Frè Jeffries apresyasyon nou pou travay li. M kwè li dwe retounen nan Karayib yo, elatriye.

312 M kontan wè Frè ak Sè Wright, epi anpil nan moun yo la.

313 M te wè avoka Robertson la, sa fè on ti moman, ki te antre sa fè on ti moman. M vle fè l konpliman pou—pou mesaj li te pote lòt jou a. Pèsonn pat mansyone kimoun li te ye. Se te on wont. Li te bay on veritab bon mesaj pa pwofesi, on bagay kòm kwa m gen pou m preche aswè a.

314 E, kifè, apre sa te gen on lòt minis isi a maten an, ou pito yèswa, Frè Smith, ki sot nan legliz Metodis. . . ou pito li sot nan Legliz de Dye, laba. M pa konn si l isit la aswè a, ou pa. Si w te janm kanpe dèyè chè sa pou ap gade dèyè nan direksyon sa, sa on jan difisil pou wè; Li apla, ou wè, kifè ou pa ka distenge moun. Si w isit la, Frè Smith, nou apresye w.

315 Èske se pa sila, ki chita drèt la, ti frè sa ki sot Georgia a, drèt dèyè a la chita bò kot Frè Collins lan? [Frè Neville di: “Wi.”—Editè a.] M kontan wè w isit la ankò aswè a, frè.

316 Epi rès lòt yo, nou tout, chak moun konn ki moun ou ye.

317 Mwen kwè sa se sè ak frè isit la ki t al priye pou ti jenn fi a nan moman sa, drèt la, ak on doktè chita bò kote yo la. Seyè a beni w, doktè.

318 Bon, piga nou santi nou ofanse avè m souple, noumenm minis ak frè yo, poutèt jan m te sere vis la antre pi di m te kapab. Sa a se tabènak nou. Se pou sa nou pran pozisyon, e nou vle baze L drèt sou Pawòl sa, epi sekwe yo avè L. Alò, si jamè ou kite liy lan,

nou va retounen pou di, “Ou te konn mye. Men Ni sou bann lan.”  
Ou wè? Men ni. “Men Li sou bann lan.”

319 Nou gen pi plis ke nou dwe mete sou sa, la, Leo. Men, men nou. . . Ou gen ase. Rete jis avèk Sa, epi nou va wè rès Sa apre on ti tan. Se tankou nonm lan ki te, ki t ap manje melon an, li te di: “Se te vrèman bon, men gen plis ankò ladann.” Kifè nou gen ankò pi plis nan Sa, ki gen pou vini.

320 Seyè a beni w, vrèman tout bon kounye a. Pandan n ap. . . Pral gen on sèvis batèm kounye a menm. Èske se vre, Frè Neville? [Frè Neville di: “Ya, m kwè sa.”—Editè a.] Èske gen on moun la ki dwe batize kounye a menm? Nou pa gen pwoblèm kimoun ou ye a; nou—nou isi a pou batize. Leve men w, sila yo ki te gen pou yo batize a. Èske gen on moun, m kwè se te on. . . Men on dam la. Èske te gen on lòt? Bon, nou gen rad isi a alafwa pou gason e pou fanm.

321 Bon, nou pa di: “Kite legliz Batis. Kite legliz Metodis.” Nou pa di sa. Retounen drèt nan legliz ou. Men si w pat batize dapre Lekriti, nan Non Seyè Jezi. . . Pa nan Non “Jezi” sèlman, la. Nan Non “Seyè Jezikri,” sa se Lekriti. Ou te mal batize.

322 M pa vle gen okenn pwoblèm lè m va rive bò rivyè a. M vle ke tout bagay klè otan ke m konnen, lè m va kenbe tikè sa, ou wè, paske m vle anbake nan lè sa. M ta konseye w fè menm jan.

323 Retounen nan legliz ou. Se biznis, ant ou e Bondye. se tou sa m ka di w.

324 Men pèsonn nan Lekriti pat janm batize nan okenn lòt fason ke nan Non “Seyè Jezikri.” E sila yo ki te batize, Sen Pòl te òdone yo, pou l te di: “Si yon Anj ta preche nenpòt lòt bagay, ke l modi.” Li te òdone yo pou vin rebatize, ankò, nan Non “Seyè Jezikri.” Se vre. E li te fè l. E sa l te fè a, li te komisyonnen nou pou fè l; se sa nou va fè, si Bondye vle.

Nou kwè nan lavman dè pye. Nou kwè nan pran kominyon.

325 Nou kwè nan dezyèm Vini Kris la, ak kò vizib, fizik Seyè a; pa Espri, men kò fizik Seyè Jezi a ki ap retounen ankò avèk glwa.

326 Nou kwè nan rezirèksyon fizik mò yo, ki va resevwa on kò, pa youn ki vyeyi ak rid tankou lè nou pral nan tonb; men youn ki nouvo, nan plenn jenès li menm, pou viv pou tout tan.

327 Nou kwè nan imòtalite nanm, absoliman. Nou kwè gen on sèl fòm Vi Etènèl, e sa se Vi ki vin de Kris Jezi. Se egzaktman vre.

328 Kidonk, nou pa kwè nan on pinisyon Etènèl. Nou kwè nan on lanfè ak dife, ak wòch dife k ap brile, men nou pa kwè l ap brile pou tout tan; si se sa, ou gen Lavi Etènèl. Genyen on sèl Vi Etènèl; Sa vin de Bondye. E se vre. Ou va boule, petèt pandan on milyon lane, di milyon lane, m pa konnen, men ou pa ka gen Lavi Etènèl. Ou pa kapab ap boule pou tout tan. . . Ou ka boule pou tout tan, men pa Etènèlman. Ou wè, gen on diferans ant Etènèl e pou tout tan. *Pou tout tan* se pandan lontan e lontan, e se on

konjonksyon, ki vle di on “espas tan.” Men, Etènèl, ou pa gen on pinisyon Etènèl.

329 Ou gen Lavi Etènèl, paske gen on sèl fòm Vi Etènèl. E sila ki gen Lavi Etènèl, ap viv e Bondye ap beni l pou tout tan.

330 “Men nanm ki peche a, nanm sa va . . .” Kisa? [Kongregasyon an di: “Mouri.”—Editè a.] Se vre. Alò, li pa gen Lavi Etènèl. Sètènman. Li gen—li gen pinisyon li, men pa Lavi Etènèl.

331 Kifè, ou wè, gen ankò anpil bagay ki dwe anseye, nou va rive pi devan. Seyè a beni nou.

332 Bon annou chante bon vye chan sa, pandan ke sè nou ap vin la. M kwè ke dam sa la ka . . .

333 Rosella, èske se manman w? [Sè Rosella di: “Wi.”—Editè a.] Ebyen, ke kè w beni! M kontan wè w, sè, ap fè sa. Se trè byen.

334 Rosella Griffin, youn nan ti zanmi ki pi janti ke nou genyen. Li se on jenn dam ki te youn alkolik; pou kèk nan nou moun yo ki isi a, ki ka on etranje. Rosella pa gen pwoblèm ke m di sa. Lè l vin sou estrad la nan—nan kote . . . isi a nan Indiana. Si w te janm wè on mizerab, li te youn nan yo, on tafyatè tout bon. Nan pwèn ke, kat gwo doktè nan Chicago te di li se . . . Alkolik Anonim, epi tout lòt yo, te abandone l. Men youn jou swa lè li te vin nan reyinyon an, Sentespri a te demele vi l pou te di l sa drèt la. Sa te regle.

335 Gade l kounye a, m kwè, ak trant kèk lane, li ka pase pou dizuit an; emab, bèl jenn dam. Li pa janm goute wiski depi lè a; okenn dezi ankò pou sa. L ap viv pou Kris, l ap fè tou lari yo, tout kote, ap temwaye pou glwa Bondye, bay pechè yo ak alkolik yo, tou sa atravè katye moun pòv, ak tout lòt bagay, atravè Chicago, ap fè on bagay pou Seyè a.

336 Li te batize nan Non Seyè Jezikri, e manman l vin aswè a pou fè menm jan an; Si Bondye te ka geri l, si Jezi te ka geri l . . . “Kèlkeswa sa w ap fè an pawòl oswa an zèv, fè tout nan Non kimoun . . .” [Kongregasyon an di: “Jezikri.”—Ediitè a.] Se sa Bib la di. Se vre.

337 Dakò, bon nou pral fè sèvis batèm lan. Nou pral fèmen limyè yo jis pou kèk minit pandan ke n ap prepare nou pou sèvis la, pou batèm lan, e—e apre sa nou atann nou a on bon moman nan Seyè a.

338 Èske w ap fè sèvis batèm lan aswè a? Dakò, nou ta fè mye—nou ta fè mye prepare nou. E m pral kòmanse, m pral kondwi chan ak lòt bagay pandan n ap kontinye la. Pandan y ap fè . . . [Frè Neville di: “Èske gen rad dèyè a la, Doc?”—Editè a.] Rad batèm, Doc, prese prese. Dakò.

339 Ann jis chante youn nan bon vye chan sa yo . . . [Espas vid sou bann lan—Editè a.]

340 E jiskaske nou va fè sa, pandan n ap kite la, nou dwe fè kisa?

Pran Non Jezi avèk nou,  
 Tonbe fas atè nan pye L,  
 Wa dè wa nan Syèl la, nou va kouwone L,  
 Lè vwayaj nou va fini.

Dakò, ann leve kanpe.

Pran Non Jezi avèk ou,  
 Pitit tristès ak malè;  
 Li va ba w lajwa ak konsolasyon. . .

<sup>341</sup> M ap di nou kisa pou n fè. Vire toutotou nou pou bay on moun la lanmen, epi di: “Kouman w ye, frè? Se sèten mwen kontan nan sèvis la avè w.”

Non Presye, O ala dous!  
 . . . ak lajwa Syèl la;  
 Non Presye, (Non Presye!) O . . .



*SEMANS SÈPAN AN* CRE58-0928E  
(The Serpent's Seed)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch swa, 28 septanm, 1958, nan Branham Tabènak ki nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)